Хэкум и Лlыхъужьхэр ноби къытхэтщ

2-нэ нап.

Къуршхэм я дуней

3-нэ нап.

Макъ телъыджэ

4-нэ нап.

Футболыр ди гъащlэу дыкъэхъуащ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

I924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№149 (24.743) ● 2024 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 12, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

КуэдкIэ дызыщыгугъхэр

КIуэкIуэ Казбек щIэныгъэлI щIалэхэм яхуэзэри, КъБР-м и Iэтащхьэм щIэныгъэм, IэмалыщIэхэм зегъэужьыным хуэгъэпсауэ игъэува саугъэтыр зэрыхуагъэфэщам щыхьэт техъуэ дипломхэр яритыжащ.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм нэхъри зыщаубгъуным епха Iуэхугъуэхэм. КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ щIэныгъэлI щIалэхэм я зэфIэкIым мыхьэнэшхуэ зэриIэр, къыхалъхьэ IэмалыщIэхэр экономикэм, промышленностым, IT-Iэмэпсымэхэм, мэкъумэш хозяйствэм, медицинэм къызэрыщысэбэпыр.

«УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ нобэ гулъытэшхуэ хуащI щIэныгъэлI щIалэхэми езы щIэныгъэм и зыужьыныгъэми. Дэ псоми къыдгуроIуэ абы къытхуигъэува къалэнхэр щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр едмыгъэкIуэкIыу, диIэ Iэмалхэр къэдмыгъэщхьэпэу къызэрыдэмыхъулIэнур. Иджырей зэманым дызригъэувэ щытыкIэхэм елъытауэ, Iэмэпсымэ и лъэныкъуэкIэ зыми дыщымыгугъыу дыхъун хуейщ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтыр зэрагъэуврэ абы и лауреат хъуащ цIыху 20-м щIигъу. А Iуэхум нэхъри зэрызрагъэубгъунум и гугъу ищIащ Iэтащхьэм.

Езы лауреатхэри зэфIагъэкIа Iуэхухэм тепсэлъыхьащ, ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм уазэрыщыгугъ хъунум республикэм и Iэтащхьэр хагъэгъуэзащ, ди щIыналъэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрат еджапIэхэм щаубыдыпхъэ увыпIэ лъагэм, къэралым щынэхъыфI ехъулIэныгъэу яIэхэм я гугъу хуащIащ.

Гу зылъытапхъэ лъэпощхьэпохэми тепсэлъыхьащ зэIущIахэр. ГеофизикэмкIэ бгыщхьэ институтым и аспирант, инженер Акаев Ахъмэт ди республикэм физикэм епха географиемкIэ кандидат лэжьыгъэхэр щыпхыбгъэкI зэрымыхъум и гугъу ищIащ. КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор зэрыжиIэмкIэ, IэщIагъэлI зэрыдимащIэм къыхэкIыу, апхуэдэ Iэмал республикэм щыдиIэкъым. Ауэ географиер республикэм щаджыным зыри фIэгъэнапIэ хуэхъуркъым. «Мы гъэм ди республикэм щекIуэкIауэ щытащ школакIуэхэм папщIэ ГеографиемкIэ урысейпсо олимпиадэр. НэгъуэщI щIыналъэм диссертацэр щыпхигъэкIыну ежьэм абы тригъэкIуадэ гъуэгупщIэр республикэм хуриту Iуэхур зэтеухуэн хуейуэ аращ. Республикэм и Iэтащхьэм зыкъытщIигъэкъуэну дыкъыгъэгугъащ а лъэныкъуэмкIэ», - жиIащ министрым.

ЗэIущIэм и кIэм КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтым и дипломыр, дамыгъэ лъапIэхэмрэ абыхэм я удостоверенэхэмрэ зыхуагъэфэщахэм яритащ.

ГеофизикэмкIэ бгыщхьэ институтым и аспирант, инженер **Акаев Ахъмэт** - ЩIым теухуа щIэныгъэм зиубгъуным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ.

ГеофизикэмкIэ бгыщхьэ институтым и лабораторэм и щIэныгъэрылажьэ нэхъыщIэ **Ашэбокъуэ Маринэ** - щIыуэпсым зэрызихъуэжым къудамэ щхьэхуэхэр егъэзэгъыным епха къэхутэныгъэхэр зэрыригъэкIуэкIам папщIэ.

КъБКъУ-м хыхьэ, Иджырей материалхэмрэ аддитивнэ IэмэпсымэхэмкIэ центрым и щIэныгъэрылажьэ нэхъыжь **Байказиев Артур** - полимерхэр джыным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ.

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м и Медицинэ академием уз зэрыцIалэхэмкIэ и кафедрэм и ассистент **Бэлагъы Лианэ** - коронавирус уз зэрыцIалэр хьэлъэу зэфыкIхэм я щытыкIэр къэхутэным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ.

РАН-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и щIэныгъэ центрым хыхьэ Математикэ щхьэпэмрэ автоматизацэмкIэ институтым и щIэныгъэрылажьэ нэхъыщIэ **Мэжджыхь Мадинэ** - дробь зыхэт дифференциальнэ уравненэхэм епха къэхутэныгъэхэр зэригъэкIуэкIам папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Иркутскэ областым и Хабзэубзыху Зэхуэсымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ зэгурыIуэныгъэ зэщIылIэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Иркутскэ областым и Хабзэубзыху Зэхуэсымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэ зэщIылIэным арэзы техъуэн икIи абы Iэ щIидзыныр и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым.

2. Мы Унафэр зыщагъэгъуэзэн папщIэ яхуегъэхьын Иркутскэ областым и Хабзэубзыху Зэхуэсым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м
№68-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м Налшык къалэ №184-рп

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым, 1999 гъэм мазаем и 20-м къащтам, и 12-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм теухуа Положенэу мы унафэм щIыгъур къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ бжыгъэр нэхъыбэ дыдэу цIыху 35-рэ (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министрри яхэту), абыхэм я мазэ улахуэм и фондыр къулыкъухэм ятегуэшауэ сом мин 579,389-рэ хъууэ гъэувын, абы щыщу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъущIэу зы лэжьакIуэм и улахуэр сом мин 69,949-рэ хъууэ;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэу 34-рэ, лэжьакIуэ псоми зэхэту я мазэ улахуэр сом мин 509,44-рэ хъууэ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэр хуит щIын министрым и къуэдзэу щы иIэну.

4. Къару ямыIэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2019 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м къищта Унафэ №209-ПП-м («Официальная Кабардино-Балкария», 2019, №48);

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2019 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м къищта Унафэ №209-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м къищта Унафэ №266-ПП-м («Официальная Кабардино-Балкария», 2020, №2);

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2019 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м къищта Унафэ №209-ПП-м, 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м къищта Унафэ №221-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м къищта Унафэ №63-ПП-м и 1-нэ пунктым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и языныкъуэ актхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2024 гъэм щIышылэм и 16-м къищта Унафэ №2-ПП-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и языныкъуэ актхэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм я 17-нэ пунктым.

5. Мы унафэм къару егъуэт 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий.

ЗыхуэфIэмыкIхэм зэракIэлъыплъыр къызэрагъэпэщ

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и зэIущIэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ зи узыншагъэм къимыхьхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыкIэлъыплъым.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къардэн Мурат**, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд IуэхущIапIэхэмрэ щыIэ **ДыщэкI Мадинэ**, районхэмрэ къалэ округхэмрэ я лIыкIуэхэр.

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хъусен** жиIащ къаIэта Iуэхум КъБР-м и Iэтащхьэми Урысей Федерацэм и Президентми зэпымыууэ гулъытэ хэха зэрыхуащIыр.

- УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэлъэгъуащ 2030 гъэм ирихьэлIэу, пIалъэ кIыхьым тещIыхьауэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэным хуэныкъуэ псори гъэбелджылауэ щытын зэрыхуейр. Абы ипкъ иткIэ, «Демография» лъэпкъ Iуэхум хыхьэу, 2018 гъэм щегъэжьауэ Урысейм и щыналъэ зыбжанэ яужь щихьащ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ ящыщу дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм зэракIэлъыплъыну щIыкIэр убзыхуным, - жиIащ Къэжэрым. - Къыхэзгъэщыну сыхуейт апхуэдэхэм ди республикэри зэращыщыр, икIи 2023 гъэм и фокIадэм къыщыщIэдзауэ щIыналъитхум - Налшык, Прохладнэ къалэхэм, Тэрч, Бахъсэн, Май районхэм - зыкIэлъыплъынухэр къызэрыщыхахар. Зэпымыууэ зыдэIэпыкъухэр мы зэманым цIыху 217-рэ мэхъу. Мы Iуэхум елъытащ ди республикэм щыпсэухэм гъащIэ кIыхь яIэныр. Иджы япэу мыбы дытепсэлъыхьу аращ, зи гугъу тщIы Iуэхутхьэбзэхэм хуэдэм хуэныкъуэ псори къызэщIэдгъэубыдэным иужь дитыпхъэщ. КъБР-м и Парламентыр сыт щыгъуи хьэзырщ мыпхуэдэ IуэхухэмкIэ щIэгъэкъуэн хъуну.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Романовэ Еленэ**. Абы зэрыжиIамкIэ, 2024 гъэм Iуэхур гъэзэщIэным сом мелуан 61-рэ мин 86,1-рэ хухахащ, абы щыщу сом мелуан 60-рэ мин 475,3-р федеральнэ ахъшэщ. «ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныммрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ республикэ центрым къудамэхэр къыщызэIутхащ жыы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ Iуэхутхьэбзэ яхуэзыщIэнухэр къыщыхахыу, - жиIащ къэпсэлъам. - Мы гъэм цIыху 55-рэ едгъэджащ, лэжьыгъэм хуэдгъэхьэзыращ. Псори зэхэту дэIэпыкъуэгъу 200 лэжьыгъэ IэнатIэ дгъэуващ. КъищынэмыщIауэ, ЦIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ IэнатIэм зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ я благъэ-Iыхьлыуэ 94-рэ щыхэдгъэгъуэзащ унэм деж сымаджэхэм зэрыщыдэIэпыкъуфынум и Iэмалхэм. Муниципальнэ щIыналъэхэм къыщызэдгъэпэщащ узыншагъэр зэрырагъэфIакIуэ Iэмэпсымэхэр бэджэнду щат пункти 5. Апхуэдэ техникэ Iэмэпсымэу мини 2-м нэблагъэ зэдгъэпэщащ, сом мелуан 18-м щIигъу и уасэу. 2024 гъэм цIыхуи 114-м зыкъытхуагъэзащ, пIалъэкIэ къагъэсэбэпыну Iэмэпсымэ 420-рэ еттащ.

Романовэ Еленэ къызэрыхигъэщамкIэ, пIалъэ кIыхьым тещIыхьауэ социальнэ Iуэхутхьэбзэ хуэныкъуэхэм зэрызыщIагъакъуэ Iэмалыр къагъэсэбэпыну хуитщ Хэку зауэшхуэм хэтахэми дзэ Iуэху хэхам щыIахэми. Мы зэманым дзэ Iуэху хэхам хэта цIыхуитIым, Дзэлыкъуэ районым щыщу, я нэIэ тетщ.

Апхуэдэуи абы дыщIигъуащ зи ужь ихьа Iуэхум фIагъ куэд зэрыхалъагъуэр, цIыхухэм я узыншагъэр ефIэкIуэнымкIи дохутыр къезыджэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъунымкIи. Апхуэдэуи абы дыщIигъуащ мы Iуэхум хэт щIыналъэхэр 2025 гъэм нэхъыбэ зэращIынур, Шэрэдж районыр къыхагъэхьэу (апхуэдэу етIанэгъэ псори зэхэту пIалъэ кIыхьым тещIыхьауэ зыхуей хуагъэзэнухэр цIыху 228-рэ хъунущ).

Къэжэр Хъусен щIэупщIащ Iуэхур и кIэм нэсу зэтраублэмэ, сыт хуэдиз цIыху къызэщIаубыдэн хуейуэ наIуэми. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, апхуэдэхэр мини 7-м щIегъу.

ЦIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ республикэ центрым и унафэщI **Абытlэ Мурат** жиIащ IуэхущIапIэм «Призвание» медицинэ колледжым зэгурыIуэныгъэ ирищIылIауэ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ я дэIэпыкъуэгъухэр зэрагъэхьэзырыр, абы ипкъ иткIэ цIыхуи 185-рэ пщIэншэу зэрырагъэджар. «Налшык къалэм деж пIалъэ кIыхьым тещIыхьауэ социальнэ Iуэхутхьэбзэр цIыху 62-м щаIэрохьэ, Прохладнэм - цIыху 36-м, Тэрч районым - 40-м, Бахъсэн щIыналъэм - 45-м, Май районым - 34-м. 2025 гъэм абыхэм Шэрэдж районри къыщIыдгъунущи, абы дэIэпыкъуэгъуу 9 щылэжьэнущ, цIыху 11-м якIэлъыплъу», - къыхигъэщащ АбытIэм.

ЦIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ республикэ центрым и къудамэ Прохладнэ къалэм щыIэм и унафэщI **Сасыкъ Надеждэ** тепсэлъыхьащ щIыпIэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм, зыпэщIэт гугъуехьхэм. Абы къыхигъэщащ лэжьыгъэр къызэрагъэпэщ къудей мыхъуу, Iуэхутхьэбзэхэр и чэзум зэрыхуащIэ щIыкIэми зэрыкIэлъыплъыжыр. «ДызыдэIэпыкъу цIыху 36-м ящыщу 8-р я закъуэ мэпсэу, 27-р ныкъуэдыкъуэщ. Псоми ящхьэщытщ цIыху 37-рэ, - жиIащ цIыхубзым. - Зи узыншагъэм къимыхь, сымаджэ цIыхум укIэлъыплъыныр лэжьыгъэ гугъущ, абы уи къару хэплъхьэн зэрыхуейм къыдэкIуэу, гурэ-псэкIэ ухуэхьэзыру щытыпхъэщ. Аращ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным нэхъ лейуэ нобэ дыщIытепсэлъыхьыр. ДэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ цIыхухэм я гугъуехьыр ядэдгъэпсынщIэн, щытыкIэ гугъум къызэрикIынум хуэдгъэхьэзырын хуейщ. АдэкIи иужь дитынущ мы Iуэхум зэрызедгъэужьынум».

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Безгодько Владимир жиIащ зи гугъу ящI дэIэпыкъуныгъэмкIэ СВО-м хэтхэр Iэмал имыIэу къызэрагъэпэщын зэрыхуейр, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэри, НКО-м и лэжьакIуэхэри, волонтёрхэри зэмыгъусэу а Iуэхум узэрыпэмылъэщыфынур.

- Шэч хэмылъу, гуапэщ мы Iуэхур щагъэзэщIэну щIыналъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыхагъэхьар. Ар «Доступная среда» программэм и гуэдзэну жыпIэ хъунущ. ИкъукIэ лэжьыгъэшхуэщ зи ужь фихьар икIи, къызэрысщыхъумкIэ, абы хухах мылъкури дяпэкIэ нэхъыбэ хъуну къыщIэкIынщ. Сэбэп, щIэгъэкъуэн дызыхуэхъуфынухэм я бжыгъэр нэхъыбэ абы ищIынуи дыщогугъ, - къыхигъэщащ Къардэн Мурат.

ЗэIущIэм щыжаIахэр къэлъытауэ, адэкIэ зэрылэжьэну щIыкIэр ягъэбелджылащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ди къуэш республикэхэм

ЦIыхушхуэ къекIуэлIащ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Черкесск щагъэлъэгъуащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэтхэм къуентхъыу зыIэрагъэхьа зауэ Iэмэпсымэхэр. ЗэрытщIэжщи, япэIуэкIэ а техникэхэм налшыкдэсхэр еплъащ**.

ВЫСТАВКЭМ щыIащ КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезорв Рашид. Абы къыхигъэщхьэхукIащ республикэм щыпсэухэм мы Iуэхум гулъытэшхуэ зэрыхуащIар.

- ЖыпIэну ирикъунущ махуищым къриубыдэу мыбы цIыху мин 40-м щIигъу къызэрекIуэлIар, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэухэм къуентхъхэм ящIыгъу ди зауэлIхэр гуапэу зэрырагъэблэгъар, - жиIащ щIыналъэм и Iэтащхьэм.

«Дэ ди къэралым, ди республикэм хуабжьу дрогушхуэ, къыхигъэбелджылыкIащ дзэ Iуэху хэхам хэтым и щхьэгъусэ икIи волонтер Айбазовэ Алинэ. - Сэ Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и унафэщIхэм фIыщIэшхуэ яхуэсщIыну сыхуейщ мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэр къызэрызэригъэпэщам папщIэ. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ къытщIэхъуэ щIэблэм псэкупсэ гъэсэныгъэ игъуэтын папщIэ».

ИлъэсыщIэ псейхэр

АДЫГЕЙ. **Республикэм и щыхьэрым илъэсыщIэ псейхэр щагъэув. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэм Мейкъуапэ и къалэ паркыр егъэдахэ**.

ЩIЫНАЛЪЭМ и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат зэрыжиIамкIэ, Мейкъуапэ и ут нэхъыщхьэм щыщIадзащ ар къанэ щымыIэу къэгъэщIэрэщIэжыным теухуа лэжьыгъэхэм. Абы ягу къигъэкIыжащ а проектым цIыхубэр зэрытепсэлъыхьар икIи ар зэрыпхагъэкIар. Иджы етIанэгъэ къалэкум къихутэнущ псыкъелъэ дахащэ зыхэт утыку, псей нэхъыщхьэр щагъэувынури абдежщ.

Республикэм и Iэтащхьэм и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, апхуэдэ лэжьыгъэхэр щокIуэкI Мэздахи нэгъуэщI щIыпIэхэми. Мыбы тхыдэ мыхьэнэ зиIэ унэхэр къыщагъэщIэрэщIэж. Иужь илъэсхэм республикэм и щыхьэрым куэд щызэфIагъэкIащ къалэм и теплъэр ирагъэфIэкIуэн, узыIэпызышэ ящIын папщIэ икIи сыт хуэдэ лэжьыгъэми щIадзэн ипэкIэ цIыхухэм я Iуэху еплъыкIэхэр къалъытэ.

Урысейм и щIыпIэ дахэхэр

АБХЪАЗ. **Москва и Унэу Сыхъум дэтым VI-нэ Урысейпсо экологие диктантыр щрагъэтхащ. Илъэс къэс екIуэкI а щэхур хуэгъэзащ Урысйм и щIыпIэ гъэщIэгъуэнхэм, УФ-м и тхылъ Плъыжьым республикэм щыпсэухэр нэхъыфIу хэгъэгъуэзэным, экотуризмэм зегъэужьыным**.

ДИКТАНТЫМ хэтащ Пушкиным и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №2-м и еджакIуэ 26-рэ.

Iуэхур къызэригъэпэщащ Москва и Унэу Сыхъум дэтым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Тхыдэм къыхэнэну лIыгъэ

Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэм Налшык къалэм Iуэхугъуэ гуапэ зыбжанэ щекIуэкIащ. Абыхэм ящыщт «ЛIыхъужьхэм я уэрам» зыфIащар. Урысейм и ЛIыхъужь Тэмазэ Тимур и фэеплъ пхъэбгъур зыфIэлъ унэм деж щызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ ди лъахэгъум и лIыгъэм.

ПЭКIУМ хэтащ студентхэр, школакIуэхэр, «ТекIуэныгъэм и волонтёрхэр», «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, лIыхъужьым и Iыхьлыхэр.

Къызэхуэсахэм захуигъэзащ КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт. Абы жиIащ «ЛIыхъужьхэм я уэрам» Iуэхур иджы етIуанэу зэрырагъэкIуэкIыр икIи хабзэ дахэ ящIыну зэрамурадыр. Министрым къыхигъэщащ апхуэдэ зэхуэсхэм хэкупсэ гъэсэныгъэ мыхьэнэи зэраIэр.

ПэкIум хэтахэм ягу къагъэкIыжащ лIыхъужьым и гъуэгуанэр. Тэмазэ Тимур 1990 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м КъБР-м и Прохладнэ щыналъэм хыхьэ Къэрэгъэш къуажэм къыщалъхуащ. 2008 гъэ лъандэрэ УФ-м и дзэм хэту къулыкъур ирихьэкIырт. Сирием щыIэу, дунейпсо щIэпхъаджащIэхэм япэщIэтащ. 2022 гъэм мазаем и 22-м щегъэжьауэ Тэмазэ Тимур езым и гупым и гъусэу хэтащ дзэ Iуэху хэхам. ФокIадэм и 11-м Костромкэ къуажэм деж щекIуэкIа зэхэуэм уIэгъэ щыхъуауэ, Тимур зауэ губгъуэм кърахыжри, дзэ-транспорт кхъухьлъатэкIэ тылым щыIэ сымаджэщым яшауэ щытащ. ЩIалэм телъ уIэгъэхэм къахуемыгъэлу, фокIадэм и 17-м дунейм ехыжащ.

ЛIыхъужьым и адэ къуэш Тэмазэ Замир жиIащ щIалэр сыт щыгъуи и къалэныр нэгъэсауэ зэригъэзэщIэным хущIэкъуу, Хэкум и шынагъуэншагъэм тегузэвыхьу зэрыщытар. «Абы и гъащIэр щIитащ дунейр мамыру, бэуу тIэIуншэу щытыным. ЩIалэгъуалэм нобэ захуэзгъазэу яжесIэну сыхуейт иужькIэ зытемыукIытыхьыжын гъащIэ гъуэгуанэ якIуным дэтхэнэри иужь итын зэрыхуейр», - къыхигъэщащ нэхъыжьым.

Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъум теухуа дунейпсо волонтёр корпусым и центрри а махуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуахащ. Республикэм и щIалэгъуалэ 1500-рэ Iуэхум щыхуагъэхьэзырынущ абы.

Лу Азэмэт зэрыжиIэмкIэ, IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр цIыхухэм, псом хуэмыдэу щIэблэм, тхыдэ фэеплъхэр егъэхъумэнымрэ хэкупсэу къэгъэхъунымрэ хуэгъэзащ. Къудамэм и унафэщIу щытынущ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ. «2025 гъэм Iэтауэ дгъэлъэпIэнущ ТекIуэныгъэм Иным и илъэс 80-р. Абы и щIыхькIэ екIуэкIыну Iуэхухэр къызэгъэпэщыным щIалэгъуалэри къыхэтшэным мыхьэнэшхуэ иIэу къыдолъытэ», - жеIэ министрым.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ*.

Илъэс 75-рэ хъу гъуэгуанэ

Урысей МВД-м связымкIэ и IэнатIэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 75-рэ ирикъуащ дыгъэгъазэм и 10-м. Абы теухуа махуэшхуэ зэхыхьэ щекIуэкIащ КъБР-м щыIэ МВД-м.

УРЫСЕЙ Федерацэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ, полицэм и генерал-полковник Шулико Виталий къыбгъэдэкI хъуэхъум къеджащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-майор Крючков Вячеслав.

«Связым и лэжьакIуэхэм я IэщIагъэм куууэ зэрыхащIыкIым икIи зэгъэуIуауэ Iуэхур зэрызэфIахым и фIыгъэкIэ хабзэр хъумэным хуэгъэза хъыбархэр IэнатIэхэм псынщIэу икIи зэпымыууэ зэIэпах», - итщ абы.

Министр Крючков Вячеслав хъуэхъу тхылъыр иритащ КъБР-м щыIэ МВД-м и ЦИТС-мрэ ЗИ-мкIэ и къудамэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник Кравцев Максим.

СвязымкIэ IэнатIэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIам, илъэс куэд лъандэрэ купщIафIэу къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм зэрыщылэжьам папщIэ КъБР-м щыIэ МВД-м и щIыхь тхылъхэр иратащ ветеранхэу, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Джибилов Олегрэ къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник Мамбэт ШэIимэтрэ.

Зи IэщIагъэм хуэIэкIуэлъакIуэ, зи къалэнхэр хьэлэлу езыхьэкI, хэкупсэ нэс щIалэхэр зыгъэса адэ-анэхэри щагъэлъэпIащ зэIущIэм. апхуэдэу, къэрал кIуэцI къулыкъум и лейтенант Мэздэгу Азэмэт и адэ-анэ Толэрэ Маринэрэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и лейтенант нэхъыжь Хамэ Марат и адэ-анэ Аслъэнджэрийрэ Маринэрэ фIыщIэ тхыгъэхэр яритащ Крючков Вячеслав.

Я къалэнхэр хьэлэлу зэрагъэзащIэм, зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ КъБР-м щыIэ МВД-м и щIыхь тхылъхэр, министрым къыбгъэдэкI фIыщIэ тхыгъэхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ иратащ министерствэмрэ Урысей МВД-м и район къудамэхэмрэ связымкIэ я IэнатIэхэм я лэжьакIуэ къыхэжаныкIахэм.

Крючков Вячеслав гупым махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ, узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, фIыгъуэрэ зэIузэпэщыгъэрэ яIэну.

- Фи лэжьыгъэр ди IуэхущIапIэм и унэтIыныгъэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщщ. Гурэ псэкIэ сынывохъуэхъу фи къалэнхэм фыпэлъэщыну, фи мурадхэр къывэхъулIэну, ехъулIэныгъэхэр фиIэу дяпэкIи ди Хэкум къулыкъу хуэфщIэну, - жиIащ министрым.

УАРДЭ Жантинэ.

Спортсмен цIэрыIуэм IуощIэ

«Мыхьэнэ зиIэ псалъэмакъ» пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, Австралием и Сидней къалэм 2000 гъэм щекIуэкIа Олимп джэгухэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ чемпион щыхъуа Къардэн Мурат яIущIащ Налшык къалэм и гимназие №14-м и епщыкIузанэ классым щIэсхэм. Абы и гъусэу зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Антимонопольнэ къулыкъум и унафэщI Къумахуэ Аннэ.

ЕДЖАКIУЭ цIыкIухэм я гуапэ хъуащ апхуэдэ спортсмен, политик цIэрыIуэ къазэрыхуеблэгъар икIи яфIэгъэщIэгъуэну щIэупщIащ Олимпиадэм и медалыр къихьын папщIэ абы зэпича гъуэгуанэр зыхуэдам. Апхуэдэу ныбжьыщIэхэм ящIэну хуейт къэрал къулыкъущIэм и IуэхущIафэхэр зыхуэдэр, физкультурэмрэ спортымрэ цIыхум и гъащIэм щаIэ мыхьэнэр, ар езыр дэзыхьэххэр, къару къезытхэр, нэгъуэщI куэди. А псоми жэуап ягъуэтащ.

ЗэIущIэм и кIэм Къардэн Мурат еджакIуэхэм ехъуэхъуащ я мурадхэр къайхъулIэну, гъащIэм езыхэм я лъагъуэ дахэ щыпхашыну, чэнджэщ щхьэпэхэри яритащ.

БЭВЫКЪУЭ Алыдж.

ЕхъулIэныгъэщIэхэр я плъапIэу

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и Медицинэ колледжыр къызэрызэIуахрэ илъэс 90 ирокъу. Апхуэдэуи абы и унафэщI Пщыбий Светланэ и ныбжьри илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ. А Iуэхугъуитым теухуащ Медицинэ колледжым и егъэджакIуэхэм я тхыгъэр.

ИЛЪЭС 90 гъуэгуанэм къриубыдэу ди еджапIэм медицинэ курыт IэщIагъэр щызрагъэгъуэтащ цIыху мин 44-м. Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэхэм медицинэ курыт IэщIагъэ зиIэу щылажьэхэм я процент 90-р колледжым и гъэсэнщ. Ди еджапIэр къэзыухахэм къахэкIащ IэнатIэм и IэщIагъэлI пашэхэр, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэр, докторхэр, медицинэ IуэхущIапIэхэм я дохутыр нэхъыщхьэхэр, узыншагъэр хъумэнымкIэ район къудамэхэм я унафэщIхэр. Колледжым и гъэсэн 30-м щIигъум абы щылэжьэну къагъэзэжащ. Ди егъэджакIуэхэм я процент 90-м япэ, нэхъыщхьэ квалификацэхэр яIэщ, абыхэм ящыщу 20-р медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ. Абыхэм я Iэзагъэм, щIэныгъэм щыхагъэхъуащ Москва, Саха Республикэм, Новгород областым и Боровичи къалэм щыIэ медицинэ IуэхущIапIэхэм.

ЕджапIэм и унафэщI, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Пщыбий Светланэ зыпэрыт IэнатIэр ехъулIэу ирехьэкI. КъызэгъэпэщакIуэ нэсым и хьэлыфIхэр зыхэлъ бзылъхугъэр сыт хуэдэ IуэхумкIи щапхъэщ, егъэджэныгъэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыным гульытэшхуэ хуещI, гупыр къалэныщIэхэм тригъэгушхуэу апхуэдэщ. Зыпэрыт Iуэхум щIэуэ къыхыхьэ псори лэжьыгъэм къызэрыщигъэсэбэпыным хущIокъу, абы и лъэныкъуэкIи ар жыджэру япыщIащ Кавказ Ищхъэрэ щыIэналъэм щыIэ Медицинэ колледжхэм я мызакъуэу, Урысейм и апхуэдэ еджапIэ куэдым.

УнафэщIыр зыхуэдэр наIуэ къызэщIыр абы и нэIэм щIэт гупым я ехъулIэныгъэхэрщ. Нобэ КъБКъУ-м и Медицинэ колледжыр Урысейм курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт и еджапIэ нэхъыфIхэм ящыщщ. «Лечебное дело», «Акушерское дело» IэщIагъэхэм 9-нэ классыр къэзыуха ныбжьыщIэхэр иджы япэу хурагъэджэн щIадзащ. Медицинэ колледжыр къэзыухахэм КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм, апхуэдэуи Урысейм и медицинэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэныгъэ щызрагъэгъуэтыж. 2016 гъэ лъандэрэ колледжым щыIэщ «Волонтеры - медики» урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр. Коронавирус узыфэ зэрыцIалэ шынагъуэм зыщиубгъуам колледжым и егъэджакIуэхэр, студентхэр, волонтер-медикхэр IэнатIэ нэхъ гугъу дыдэхэм пэрыту цIыхухэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуащ. Медицинэ колледжым и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и депутат Пщыбий Светланэ я пашэу егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирагъэкIуэкI СВО-м щыIэ щIалэхэм ядэIэпыкъуным хуэунэтIауэ. Медицинэ колледжыр къэзыухахэм ящыщу цIыхуи 8 дзэ Iуэху хэхам хэтащ икIи къагъэлъэгъуа хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ папщIэ орденхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфэщащ.

КъБКъУ-м и медицинэ колледжым иригъэкIуэкI лэжьыгъэр гулъытэншэ хъуакъым. 2004 гъэ лъандэрэ колледжым мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентым, республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ, Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэхэм, нэгъуэщI IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэми къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмрэ дипломхэмрэ.

2007 гъэм КъБКъУ-м и медицинэ колледжыр «Урысейм курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт и еджапIи 100 нэхъыфI» зэпеуэм «Золотая медаль «Европейское качество» и лIэужьыгъуэмкIэ, апхуэдэуи «2007 гъэм и унафэщI нэхъыфI» зэхьэзэхуэм я лауреат хъуащ. 2017 гъэми къэралым курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэм и еджапIэхэм я зэпеуэми къыщыхэжаныкIащ. А илъэс дыдэм колледжыр «XXI лIэщIыгъуэм и егъэджэныгъэ IуэхущIапIэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм и лауреат хъуащ. 2022 гъэм медицинэ колледжым ЕгъэджакIуэхэм я IV урысейпсо зэхуэсым «Къэралым и егъэджэныгъэ IуэхущIапIэ нэхъыфIу 500» зэпеуэм къызэрыщыхэжаныкIам папщIэ къыхуагъэфэща дипломыр къыщратыжащ. Апхуэдэу еджапIэм кърататщ «#МЫВМЕСТЕ зэдэIэпыкъуныгъэмкIэ урысейпсо Iуэхур къызэгъэпэщыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуащIам папщIэ» УФ-м и Президент Путин Владимир и Фэеплъ медалыр. А дамыгъэ дыдэмкIэ щхьэхуэу ягъэлъэпIащ колледжым и унафэщI Пщыбий Светланэ. КъищынэмыщIауэ, а Iуэхум жыджэру зэрыхэтам папщIэ, еджапIэм къыIэрыхьащ ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхыгъэ.

КъБКъУ-м и Медицинэ колледжым и унафэщI Пщыбий Светланэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ. Зи зэфIэкIыр жылагъуэм хуэзыгъэлажьэ бзылъхугъэм и пщIэр щылъагэщ зыхэт гупым я деж. Ар абы къилэжьащ и хьэл-щэн дахэмкIэ, и щIэныгъэмкIэ, и Iуэху зехьэкIэ екIумкIэ, и цIыху хэтыкIэмкIэ, и гуапагъэмкIэ. Пщыбийм сыт хуэдэ IуэхукIэ убгъэдэмыхьами, гупсэуу къодэIуэнурэ ар нэхъыфIу зэрызэфIэкIынум теухуа и чэнджэщи къыуихьэлIэнущ. Ар егъэджакIуэхэми, студентхэми я ехъулIэныгъэм щыгуфIыкIыу, нэхъри зэрытригъэгушхуэным хущIэкъуу, дэтхэнэми и зэфIэкIыр къигъэлъэгъуэфынымкIэ сэбэп хуэхъуу апхуэдэщ. Светланэ сытым дежи хущIокъу и гупыр ехъулIэныгъэщIэхэм зэрыхуишэным, еджапIэм зэрызригъэужьыным. Шэч хэмылъуи, аращ зи фIыщIэр гупыр гуапэу, зэгурыIуэ яку дэлъу зэрызэхэтыр.

КъБКъУ-м и Медицинэ колледжым и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ фIыуэ тлъагъу, пщIэшхуэ зыхуэтщI Пщыбий Светланэ и юбилеймкIэ дохъуэхъу, узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ, гуфIэгъуэ, гукъыдэж, лъагъуныгъэ, унагъуэ насып иIэу, и гугъэ дахэхэмрэ мурадхэмрэ къехъулIэу и гъащIэр ирихьэкIыну ди гуапэщ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Хъыбар кIэщIхэр

ЦIыхум и гукъеуэр къагурыIуэу

«Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партыр илъэс 23-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу Бахъсэн къалэ администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим IущIащ и унагъуэ IуэхукIэ къыхуэкIуа, дзэ Iуэху хэхам хэт зауэлIым и анэм. ЦIыхубзыр къызытекIухьар хуэзэфIагъэкIыну, яхуэзэфIэкI къамыгъанэу дэIэпыкъуну Мамхэгъым унафэ яхуищIащ Iуэхур зэхьэлIахэм.

«СЫТ щыгъуи ди къалэн нэхъыщхьэу щытыр цIыхухэм я псэукIэр едгъэфIэкIуэнырщ, лъэпкъым и сэбэп зыхэлъхэр хъумэнырщ, Урысейр нэхъ лъэщ хъунырщ, зиужьынырщ. Партым япэ иригъэщ Iуэхугъуэхэм ящыщщ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм защIэгъэкъуэныр», - жиIащ Мамхэгъ Хьэчим.

Зыуэ щыт билетхэр

«Урысейм и гъущI гъуэгухэр» IуэхущIапIэм мафIэгухэмкIи автобусхэмкIи уризекIуэ хъууэ зыуэ щыт билетхэр ищэн ирегъэжьэж 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м щегъэжьауэ. Ар нэхъыбэу къэзыгъэсэбэпри зытещIыхьари Кавказ Ищхъэрэм лыжэкIэ къыщыбжыхь хъу и курортхэм къакIуэ туристхэрщ.

IУЭХУЩIАПIЭМ и IэщIагъэлIхэм зэрыжаIамкIэ, абы къызэщIеубыдэ бгы-лыжэ курортхэр куэду здэщыIэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ. Псалъэм папщIэ, туристыр Iуащхьэмахуэ лъапэ къэсын папщIэ, япэщIыкIэ мафIэгукIэ Минводхэм нэс къакIуэу иужькIэ автобусым итIысхьэжын хуейщ. Автобусыр махуэм щэ вокзалым къытекIынущ икIи абы а гъуэгуанэм мыпхуэдэ къэувыIэпIэхэр щищIынущ: Минводхэр - Тырныауз - Нейтрино - Эльбрус - Тегенекли - Байдаевэ - Иткол - Чегет - Терскол - Азау.

Зыуэ щыт билетхэр ящэнущ етIанэгъэ гъатхэпэм и 31 пщIондэ.

БАТОКЪУЭ Алыдж.

Хэкум и ЛIыхъужьхэр ноби къытхэтщ

Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэм теухуауэ Iуэхугъуэ щхьэпэхэр Аруан щIыналъэм и жылэхэм щрагъэкIуэкIащ. Нарткъалэ дэт МафIэ мыужьыхым, афган зауэм щыIахэмрэ абы хэкIуэдахэмрэ я фэеплъхэм деж пэкIу щызэхашащ. Абы щыIащ Аруан щIыналъэ администрацэм и лэжьакIуэхэр, прокуратурэм, МВД-м, ФСБ-м я лIыкIуэхэр, щIыпIэ самоуправленэмкIэ Советым, жылагъуэ советым, Зауэм и ветеранхэм, Афганистаным и ветеранхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, юнармейцхэр, еджакIуэ цIыкIухэр.

Аруан щIыналъэ администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ ЛIыжьыкъуэ Хьэзритрэ щIыналъэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Езий Юрэрэ къыщыпсалъэм къыхагъэщащ Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэр къэралыр яхъумэу лIыгъэ зезыхьахэм, я псэ, узыншагъэ емыблэжахэм зэрахуэгъэпсар икIи ехъуэхъуащ ди къэралыр бийм щахъумэу дзэм къулыкъу щызыщIахэм, нобэ ар езыхьэкIхэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм.

А махуэ дыдэм «Нарт» щIалэгъуалэ центрым къыщызэIуахащ «ЛIыхъужьхэм я блыныр». Абы хэтащ КъБР-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр Бозий Аскэр, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бжьэдыгъу Мурат, Аруан щIыналъэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэхэу Зыхьэ Ахьмэдрэ Мер Рустамрэ, дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэу Бахъуэ Рэмэзанрэ КIэрэф Сослъэнрэ, щIалэгъуалэ центрым и лIыкIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ.

ПэкIум щIидзэн и пэ къихуэу Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэр къеуащ. ИужькIэ, Мер Рустам къыщыпсалъэм къыхигъэщащ «ЛIыхъужьхэм я блыныр», Хэку зауэшхуэм хэтахэм я сурэтхэр зытетыр, КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ УФ-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и агентствэмрэ я дэIэпыкъуныгъэ хэлъу республикэм Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр щрагъэкIуэкI и ЩIалэгъуалэ центрым къызэрызэригъэпэщар икIи лIыгъэ зезыхьахэм я фэеплъу, къытщIэхъуэ щIэблэми щапхъэ яхуэхъуу зэрыщытынур.

Къызэхуэсахэм Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэмкIэ ехъуэхъуащ Бозий Аскэр икIи щIалэгъуалэр къыхуриджащ нэхъыжьхэм зэрахьа лIыгъэр, тхыдэр зыщамыгъэгъупщэну, хэкупсэу, фIыщIэрэ пщIэрэ ящIу къэтэджыну.

- Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс куэд дэкIащ, ауэ долъагъу фашизмэм и щхьэр аргуэру къызэриIэтар. ЛIыгъэ зэрахьэу нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм езэуахэм я щIэблэхэр нобэ украин фашистхэм япэщIэтщ, - жиIащ Бжьэдыгъу Мурат.

А псалъэхэм пэджэжырт дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэу «И хахуагъэм папщIэ» медалыр зратахэу Бахъуэ Рэмэзанрэ КIэрэф Сослъэнрэ: Хэку зауэшхуэр зылъэмыIэса унагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым искъым, иджы къэралыр яхъумэу ди щIалэхэр дзэ Iуэху хэхам щыIэщ.

«ЛIыхъужьхэм я блыныр» къызэIухын пщIэр лъагъэсащ Бозий Аскэррэ КIэрэф Сослъэнрэ. Къызэхуэсахэм абдеж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ икIи фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ. Апхуэдэуи дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр щыхьэщIащ ЩIалэгъуалэм я центрым икIи еджакIуэ цIыкIухэм я упщIэ куэдым жэуап иратащ.

Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу Шэрэдж Ищхъэрэм щекIуэкIащ «ЛIыхъужьым и уэрам» Iуэхугъуэ щхьэпэри. Абы хэтащ къуажэм и курыт еджапIэ №1-м, Совет Союзым и ЛIыхъужь Иуан Хьэсэн и цIэр зезыхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш колледжым, Бэракъ Плъыжь орденым и нагъыщицыр, Ушаковым и орденым и етIуанэ нагъыщэр зыхуагъэфэща Хьэмгъуокъу Башир и цIэр зезыхьэм, щеджэхэр, лэжьыгъэмрэ зауэмрэ я ветеранхэр, щIыпIэ администрацэм и лэжьакIуэхэр.

Иуан Хьэсэн и фэеплъым деж ягу къыщагъэкIыжащ лIыгъэ зезыхьэу зауэм хэта я къуажэгъухэр. Абыхэм я цIэхэр зэрахьэ еджапIэхэмрэ уэрамхэмрэ. Къуажэдэсхэм нобэми ящыгъупщэркъым афган зауэм лIыгъэ зэрахьэу хэкIуэда Мер Хьэсэнрэ Iэщын Замиррэ. Апхуэдэуи фIыщIэ хуащI Хэкур яхъумэу дзэ Iуэху хэхам нобэ щыIэ я лъахэгъухэми.

ЛIыхъужьхэм я махуэм теухуа зэхуэс щекIуэкIащ Совет Союзым и ЛIыхъужь Яхуэгуауэ Михаил и цIэр зэрихьэу Псыгуэнсу къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м. Абы щытепсэлъыхьащ я къуажэгъу цIэрыIуэм Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэм, иужькIэ еджакIуэ цIыкIухэр щыIащ ЛIыхъужьым и унэм, абы и цIэр зезыхьэ уэрамым тетым, и фэеплъ пхъэбгъур зыфIэдзам.

Апхуэдэ зэхыхьэхэр щекIуэкIащ Аруан щIыналъэм и адрей къуажэхэми икIи абыхэм я курыт еджапIэхэми щрагъэкIуэкIащ Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр, «Псалъэмакъ щхьэпэхэр».

Зытхыжар **ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

Дунейм щыхъыбархэр

ХьэрэкIытIэхэр драгъэлъэтеинукъым

Урысейм и щIыналъэ куэдым, нэгъаби хуэдэу, илъэсыщIэпежьэу хьэрэкIытIэхэр щыдрагъэлъэтеинукъым, апхуэдэуи Iэтауэ махуэшхуэ зэхыхьэхэр щрагъэкIуэкIынукъым. Дэтхэнэ хэгъэгуми абы и щхьэусыгъуэ хэхахэр къагъэлъэгъуащ.

БРЯНСК областым терроризмэм пэщIэтынымкIэ Iуэху щрагъэкIуэкI пIалъэ зэрыщагъэувам къыхэкIыу хьэрэкIытIэхэр къыщагъэсэбэпыну хуиткъым. Курск щIыналъэм а Iуэхум къыдагъэхуэну мылъкумкIэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ IэмалыншэуIэпхъуахэмрэ зыщыщIагъэкъуэнущ. Удмуртием и Iэтащхьэм хьэрэкIытIэ дэгъэуеиныр текIуэныгъэм пигъэплъэнущ. Пермь областым апхуэдэ унафэр къыщащтащ щIыпIэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыныр и щхьэусыгъуэу.

Тыва Республикэм и унафэщI Ховалыг Владислав къилъытащ илъэсыщIэ махуэшхуэр Iэтауэ гъэлъэпIэныр къэралыр иджыпсту зэрыт щытыкIэм къемызэгъыу. Ипщэ федеральнэ округым хыхьэ къалэхэм хьэрэкIытэм трагъэкIуэдэну ахъшэмкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъунущ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ.

Дзэ зэпыщIэныгъэхэр

Урысей Федерацэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Индием зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Сингх Раджнатх. Ар хэтащ урысей-индие правительствэхэм дзэ, дзэ-техникэ зэдэлэжьэныгъэмкIэ я комиссэм и 21-нэ зэхыхьэм.

УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Белоусов Андрей къыхигъэщащ Индиер ди къэралым и IуэхущIэгъу нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр. Абы зэрыжиIамкIэ, дзэ IуэхухэмкIэ къэралитIым я зэдэлэжьэныгъэм лъэныкъуитIми зыужьыныгъэшхуэхэр къахуихьынущ.

Сингх Раджнатх хэтащ Калининград деж Индием и дзэ-хы флотым Tushil фрегатыр зэрыратым иращIэкI зэхыхьэм. КъэралитIым зэгъусэу ирагъэкIуэкI лэжьыгъэмкIэ мыр Индием Iэрыхьэ ебланэ кхъухьщ. Еянэр - Tamala фрегатыр - 2025 гъэм и гъатхэм иратынущ.

Дыгъэгъазэм и 12, *махуэку*

♦**Узыншагъэр хъумэн IэнатIэм и Iуэхутхьэбзэхэр псоми ялъэIэсыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Зэныкъуэкъу къэралхэм ящыщу зым и телъхьи мыхъуным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ**
♦**1993 гъэм** КъБР-м палатитI хъу и Парламентыр хахащ.
♦**1933 гъэм** къалъхуащ юрист, КъБР-м щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **ГубэщIыкI Владимир**.
♦**1935 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, уэрэдус, артист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бахъуэ БетIал**.
♦**1937 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Дыгъужь Къазбэч**.
♦**1938 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Алэкъей Лерэ**.
♦**1948 гъэм** къалъхуащ актёр, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Балъкъыз Валерэ**.
♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шал Любовь**.
♦**1976 гъэм** къалъхуащ бодибилдингымкIэ дунейпсо чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Лъакъуэдыгъу Рамзес**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 13, *мэрем*

♦**1920 гъэм** Лъэпкъхэм я Лигэм Гаагэ къыщызэригъэпэщащ дунейпсо хеящIэ IуэхущIапIэ.
♦**1926 гъэм** Совет къэралыгъуэм щыяпэу абы цIыхуу исыр бжын щыщIадзащ.
♦**1949 гъэм** Налшык щекIуэкIащ КъАССР-м и цIыхубз ныбжьыщIэхэм я XI республикэ съезд.
♦**1991 гъэм** Налшык щекIуэкIащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм я съезд.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 0 - 1, жэщым щIыIэр градус 11 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Насыпыншэ щыIэми, гугъэншэ щыIэкъым.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» ГКУ-м, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Заман», «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «КБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэм я лэжьакIуэхэр «Заман» газетым и къыдэзыгъэкI редактор **Кетенчиевэ Зульфие Борис и пхъум** хуогузавэ и адэ **Кетенчиев Борис Билян и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу

Дыгъэгъазэм и 5. Сыт ар къыщIыхахар?

Махуэшхуэхэр тхыдэм и гъуджэщ. Ахэращ ди блэкIам и пщIэр къэзыIэтыр, зыхъумэр. Апхуэдэу щIыщытри ящыщ дэтхэнэри ди къэралым и дежкIэ мыхьэнэ ин зиIэ зы Iуэху пыухыкIам ехьэлIащи аращ. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ ар хужыпIэфынукъым Дзэ щIыхьым и махуэу иджыблагъэ, дыгъэгъазэм и 5-м, дгъэлъэпIам. Дауи, гурыIуэгъуэщ мы Iуэхур 1941 гъэм ди Хэкум и щыхьэр Москва и деж щекIуэкIа зауэзэрылIым зэрехьэлIар. ПIалъэ кIыхькIэ (махуэ 203-кIэ) екIуэкIа а зэхэуэм сыт дыгъэгъазэм и 5-р къыщIыхахар? Абы щхьэусыгъуэ иIэщ. Пэжщ, а махуэм къэхъуакъым ар адрейхэм белджылыуэ къыхэзыгъэщ гуэри. Ауэ ар зэ еплъыгъуэкIэщ

Япэ нэщэнэхэр

Тхыдэджхэм къалъытэ 1941 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м Москва и деж щытыкIэм къыпхуэмыцIыхужыну зыщихъуэжауэ: иджыри къэс къебгъэрыкIуэу щыта нэмыцэхэр икIуэтыжу хуежьащ, иужькIэ щIэпхъуэжащ. Апхуэдэу куэдрэ къэхъуркъым - нэхъ къаруушэм нэхъ лъэщыр ирихужьэжу, ауэ ди къэралым и щыхьэрым и деж щекIуэкIам нэгъуэщIщ къыбжиIар. Нэхъапэми хуэдэу, бийм и дзэхэм я «Центр» гупым зи гугъу тщIы зэманым ирихьэлIэу ефIэкIыныгъэ иIэт сыт и лъэныкъуэкIи: цIыху бжыгъэкIэ хуэдэ 1,5-кIэ, топхэмкIэ - хуэдэ 1,8-кIэ, танкхэмкIэ хуэдэ 15-кIэ. Сыт атIэ къэхъуар? Бийхэм ящыщу ар япэ къызыгурыIуар Москва ерыщу къебгъэрыкIуа 2-нэ танк армэм и Iэтащхьэ генерал-полковник Гудериан Хайнцу къыщIэкIынущ. Нацист Германием и дзэзешэ нэхъ акъылыфIэ дыдэхэм ящыщ абы жьым къепщэн щIимыдзэ щIыкIэ ар къыщыкъуэунур къищIащ икIи егъэрыкIуэныр къызэтригъэувыIащ ищхьэкIэ щыIэ и унафэщIхэм я Iизыншэу. Езым зэритхыжамкIэ, махуитI дэкIри, ардыдэмкIэ дзэр къригъэлащ зыпэщIэхуа удыным. Ар къухьэжыгъуэр къызэрысынур къозыгъащIэ япэ нэщэнэт. Зэман дэкIри, апхуэдэ нэщэнэхэр багъуэу хуежьащ.

Ауэ щыIэт а япэ нэщэнэр пасэу къэзылъэгъуа нэгъуэщI жыжьэрыплъэ цIыхуи. Ар иужькIэ «ТекIуэныгъэм и Маршал» зыфIаща Жуков Георгийт. Нэмыцэхэр СССР-м и къалащхьэм дыхьэнкIэ шынагъуэр нэхъ ин щыхъуа жэпуэгъуэ мазэм абы и деж псэлъащ Сталин Иосиф: «Ныбжьэгъу Жуков, тIыгъыфыну дэ Москва? Сэ абыкIэ сыноупщI си псэр гузавэу». «ТхуэIыгъынущ», - жэуап къитыжащ дзэзешэм икIи къыгуригъэIуащ Iуэхур зыIутыр: «Бийм жагъын къещтэ, абы кIуэ пэтми къытохьэлъэ къыдэбгъэрыкIуэныр. Мыгувэу ар къэдгъэувыIэнущ». Ар захуэу къыщIэкIащ, ауэ абы папщIэ цIыхум къагъэлъэгъуэн хуей хъуащ иджыри къэс зыIумыуа ерыщагъэрэ лIыгъэрэ. Сталиныр щыхьэрым дэкIакъым, ар Свердловск Iэпхъуэн хуейуэ ВКП(б)-м и ЦК-м унафэ къиищтами. А лъэбакъуэм, ди зауэлIхэм я мызакъуэу, цIыху къызэрыгуэкIхэми я фIэщхъуныгъэр къиIэтащ, абыхэм хьэкъыу япхыкIащ зэрыпхъуакIуэхэр сыт хуэдизу мылъэщми, икIэмикIэжым дазэрытекIуэнур.

ИкIи телъыджэу зы напIэзыпIэм щытыкIэм зихъуэжащ: зы зауэр иухри, етIуанэ зауэм щIидзащ. Дыгъуасэ къебгъэрыкIуа нэмыцэхэр, нэху къекIри, икIуэтыжу хуежьащ. Языныкъуэ щIыпIэхэм, уеблэмэ щыщIэпхъуэжащ.

Къэхъуар зыпэмыплъат. Зи напэр текIа фашист дзэзешэхэм дуней жылагъуэм и пащхьэм, псом япэу езыхэм я фюрерым и пащхьэм къыщагъуэтын хуейт хейуэ зэрызыхагъэкIыну гуэрхэр. ИкIи къагъуэтащ. Ауэ абыхэм ящыщу лъабжьэ зиIэр мащIэт. Псалъэм и хьэтыркIэ, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа Гудериан итхащ урысхэм я Iэщэ лIэужьыгъуэщIэм, щхьэтечу жыпIэмэ, Т-34 танкым, ехъулIэныгъэ къахуихьауэ. АрщхьэкIэ, япэрауэ, апхуэдэ танк лIэужьыгъуэу Москва и деж щызэуар зэрыхъуар 150-рэ къудейщ, етIуанэрауэ, гъэмахуэм «Т-34-уэ 967-рэ а щIыпIэм щызэуащ, арщхьэкIэ нэмыцэ дзэзешэр абыхэм ягъэгузэватэкъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, къэнэжыр зыщ: совет сэлэтхэм а танк лIэужьыгъуэр нэхъ Iэзэу къагъэсэбэпыф хъуащ. Ауэ ар пхужиIэнт абы?

Дзэхэм я «Центр» гупым и унафэщI генерал-фельдмаршал фон Бок Федор (1944 гъэм и бадзэуэгъуэм Гитлер яукIыну хущIэкъуахэм я Iэтащхьэу зэрыщытамкIэ тхыдэм къыхощ) тегъэщIапIэ ищIар нэгъуэщIщ: «Уи нэгу къыщIэгъэхьэгъуей пIалъэ кIэщI дыдэм урысхэм зэфIагъэувэжащ хэщIыныгъэ зыгъуэта я дивизэхэр, Сыбырым, Ираным, Кавказым кърашэ дивизэщIэхэр ирашэлIащ я Iуэхухэр щынэхъ мыщIагъуэ щыпIэхэм».

Дауи, ахэр сэбэпышхуэ хъуащ, лIыгъэ яхэлъу зэуащ, арщхьэкIэ Москва и деж къыщахьа текIуэныгъэр абы къанэ щымыIэу епхыныр, дауи, къемызэгъщ. Езы зэрыпхъуакIуэхэри щысакъым, я къарухэм хагъэхъуащ, уеблэмэ, ищхьэкIэ къызэрыдгъэлъэгъуащи, бжыгъэкIэ нэмыцэхэр куэдкIэ къебэкIыу щытащ. Араще, аргуэру белджылы мэхъу ди дзэзешэхэр IэзагъкIэ, ди зауэлIхэр лIыгъэкIэ фашистхэм ефIэкIыу къызэрыщIидзар.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, гъэщIэгъуэн хъунт бийхэр Москва и деж зэрыхагъэщIар щIыIэм трамылъхьамэ. Дэ мы тхыгъэм къыщыдгъэсэбэп Гудериан и псалъэхэр къэтхьынщ: «Нэмыцэхэр Кремлым пивэ щефэнут, щIыIэр зэран къахуэмыхъуамэ. Уаем танкхэм я моторхэр игъэункIыфIырт, ахэр игъакIуэртэкъым».

Уи Iуэху къыщимыкIым и деж сытри жыпIэ мэхъу. Ауэ пэжыр сыт щыгъуи пэжу къонэж: фашистхэр нэхъ ерыщу щыхьэрым къыщебгъэрыкIуа зэманым дунейр апхуэдэу щIыIакъым танк моторхэр игъэувыIэн хуэдэу. Абы щыхьэт техъуэфынущ метеорологхэр. Уае щыхъуар мис а зи гугъу тщIа етIуанэ зауэм щIидза, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ди дзэхэм ебгъэрыкIуэн ирагъэжьа иужькIэщ. Зыми щIиуфэркъым абы щыгъуэм зэрыщIыIар, танк моторхэр абы и зэранкIэ ункIыфIу зэрыщытар. Ар зэран къыхуэхъурт ди зауэлIхэми. Пэжщ, Сыбырым къикIахэр, дауи, абы нэхъ пэлъэщырт. ЕтIуанэрауэ, Москва пэгъунэгъуа зауэзэрылIыр пIалъэ кIыхькIэ - 1941 гъэм фокIадэм и 30-м къыщыщIэдзауэ 1942 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м нэсыху - екIуэкIащ икIи ар щIымахуэ зэфэзэщу щытакъым.

Дауэ мыхъуами, Москва и деж нацистхэм къыщагъэлъэгъуащ зэребгъэрыкIуэфым хуэдабзэу зэрыщIэпхъуэжыфри.

Апхуэдизу зэрехьэжьати, гъунапкъэм нэсыху къэувыIэнутэкъым ди дзэхэм шэхэр къаIэщIэмыухамэ. А зэманым иджыри лэжьэн щIадзатэкъым Сыбырым ягъэIэпхъуа заводхэм. ИтIанэ Хэку зауэшхуэм и тхыдэр нэгъуэщIу щытынут...

А псоми дригъэгупсысащ иджыблагъэ - дыгъэгъазэм и 5-м - ди къэралым щаIэта гуфIэгъуэм - Дзэ щIыхьым и махуэм.

● Тхыдэ

Зы махуэм псори къызэтещэхат...

Зэгуэр Португалиер егъэлеяуэ къэрал лъэрызехьэу щытащ. Ар къарукIэ япикIуэтыртэкъым Курыт лIэщIыгъуэхэм батэр зыгъэш Испанием, Инджылызым, Франджым, абыхэм я гъусэу щIыналъэхэр къызэIуахырт. Лиссабон икIа морякхэрщ Индиемрэ Индонезиемрэ ухуэзышэ тенджыз гъуэгухэр хэзышар, Китаймрэ Японимрэ япэу ялъэIэсар, къэкIыгъэ телъыджэхэр къыщыкI хытIыгу жыжьэхэр дунейм къезыгъэцIыхуар. ИкIи дэнэ щIыпIи щыхатIэрт я лъэр зытеува щIыналъэхэр езыхэм я пащтыхьым ей хъуауэ къэзыгъэлъагъуэ жор пкъохэр.

ЕПЩЫКIУИЯНЭ лIэщIыгъуэм ирихьэлIэу Португалием IэщIэлът Бразилиер, Парагвайр, Мозамбикыр, Анголэр, Гоар, Мелаккэр, Цейлоныр. Ар зэщIэгъагъэ къэралт. И щыхьэр Лиссабон Европэм и кхъухь тедзапIэ нэхъыщхьэт. Къулеигъэ псори - фошыгъури, шейри, кофери, пыл къупщхьэхэри - континентым зэрынагъэсыр абыкIэт. ЦIыху мин 275-рэ щыпсэу езы щыхьэрыр и инагъкIэ Лондони Парижи къакIэрыхуртэкъым, нэхэр пIэпызых къалэт. «Лиссабон зымылъэгъуам дахэ жыхуаIэр ищIэркъым», - жаIэрт зыплъыхьакIуэхэм.

А псоми къадэкIуэу, Лиссабон щыпсэухэр егъэлеяуэ динщIэкъут. Абы и къулъшырыф, члисэ, нэгъуэщI тхьэелъэIупIэ бжыгъэншэхэр зэи цIыхуншэ хъуртэкъым. ЕкIуалIэхэм сыт щыгъуи тыгъэ лъапIэхэр яхьырт.

Апхуэдэу щытащ 1755 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-ри. Католикхэм ягъэлъапIэрт я нэхъ гуфIэгъуэхэм ящыщ зыр - Щихъ Псоми я Махуэр. ЗэщыхуэпыкIа къалэдэсхэр я сабийхэр я гъусэу пщэдджыжьым тхьэелъэIупIэхэм уэру щызэхуэсат. Махуэр дыгъэпст. Псы Iуфэм хуарзэу Iутт Бразилием псори зэхэту дыщэ тонни 2,5-рэ къизыша кхъухь 28-рэ. Дин Iуэхухэм щIадзащ.

А зэманым къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ Атлантикэм щIыр щызджызджащ. Хым тета кхъухьыр апхуэдизкIэ хыфIихуати, абы ита матросхэр укIурият. Дакъикъэ 20 нэхъ дэмыкIыу апхуэдэ дыдэу Лиссабон щIы щхьэфэр щыкIэзызри, зэгуэкIыу щыхуежьащ. Зыми зыри къыгурыIуакъым. ЕтIуанэу хъея иужь шэху уэздыгъэхэр уфэрэкIащ, жьым зэридзэ тхьэгъушхэр къэзууащ. ЦIыхухэр щIыхьэпIэхэм Iузэрыгуащ, гужьеяуэ. Ауэ ещанэу къыщеуам псори зэхэщащэу хуежьащ. Арат дуней къутэжыгъуэ жыхуаIэжри. Уэрамхэм къыдэзэрыгуа толъкъун абрагъуэхэр щалъагъум, цIыхухэр икIуэтыжащ, арщхьэкIэ здэкIуэни зыщагъэпщкIуни яIэтэкъым. Ауэ ари щIэдзапIэ къудейт. Лъэгум ихуа шэху уэздыгъэхэм мафIэсхэр къагъэхъуащ. Къалэр къэлыдащ. Фэбжь ягъуэтауэ унэ зэхэкъутахэм къахэна цIыху минхэр мафIэм хисхьащ е Iугъуэм итхьэлащ.

МафIэр зэрагъэункIыфIыни зыгъэункIыфIыни яIэтэкъым. Лиссабон махуитхукIэ мафIэм исащ. IэшэлъашэхэмщыпсэуцIыхухэр жыжьэу щыту къеплъырт щIыр зэрыхъеямрэ псыдзэмрэ къащIэнахэр мафIэм зэрисым.

НэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ икIи дзэ IуэхухэмкIэ министр Себастьян Жозе де Помбал пащтыхь Жозе Езанэм Белен (Лиссабон и Iэшэлъашэщ) щиIэ хэщIапIэм кIуащ икIи абы жриIащ:

- Унэ псоми я процент 85-р къутащ: уардэунэхэу 53-рэ, къулъшырыфу 31-рэ, члисэу 32-рэ. МафIэм исащ пащтыхьым и уардэунэр, оперэм и унэр, тхылъ гъуэтыгъуей мин 80 зыщIэлъ пащтыхь библиотекэр, португал тенджызырыкIуэхэм епщыкIутхуанэ лIэщIыгъуэм къыщыщIэдзауэ зэхалъхьа хы картэхэр щахъумэ архивыр. Псори зэхэту цIыху мини 100-м нэблагъэ хэкIуэдащ.

Министрым м псалъэхэр мыпхуэдэу иухащ.

- Зи ЩIыхьыр Лъагэ, Лиссабон щыIэжкъым.

- Сыт атIэ иджы тщIэнур, - къэгузэсауэ щIэупщIащ Жозе Езанэр.

Мыдрейм и жэуапыр тхыдэм къыхэнащ:

- ЛIахэр щIэтлъхьэжынурэ, псэууэ къэнахэр дгъэшхэнущ.

Министрым къыжриIахэм яужькIэ пащтыхьыр хъыжьпIыжь хъуащ унафэ хуэмыщIыжу. Себастьян лэжьыгъэ псори и пщэ къыдэхуащ. ХэкIуэдахэр дин хабзэхэм тету щIэлъхьэным теухуауэ дин лэжьакIуэхэм къагъэувахэр абы идакъым: хьэдэхэр зэкIуэкIынурэ, уз зэрыцIалэхэр къахьынут. Абы къыхэкIыу ахэр кхъухькIэ Iуашурэ псым хадзэрт, нэгъуэщI хэкIыпIэ яIэтэкъым. Министрым цIыхухэм пщIэншэу ерыскъыхэр яхуригъэгуэшащ. Щыхьэрыр зэфIэгъэувэжыным хагъэхьащ зауэлIхэр, зи къару илъыгъуэу абы дэс псори. Псэухэр фэбжь зыгъуэтахэм щеIэзэну шэтырхэр ягъэуващ.

ЩIыр зэрыщыхъеям и Iэужьхэм Португалием и мызакъуэу Европэм и цIыхухэри ягъэгужьеят. Диныр нэхъ ткIийуэ щаIыгъ къэралым щыпсэухэр сыт апхуэдэ бэлыхь щIыхэхуар? Сыт ахэр Тхьэм щIимыхъумар? Сыт, икIэм-икIэжым, члисэ псори икъутэу къэхьпэщхэр куэду зытет хьэблэр зыри къыщымыщIу къыщIигъэнар - упщIэхэр гъунэжт.

Езы Португалием и гугъу пщIымэ, абы и щыхьэр Лиссабони и гъусэу зэхэкъута нэгъуэщI къалэри къуажэхэри зэфIагъэувэжащ зэманым екIуу. АрщхьэкIэ къэралыр къызэрыгуэкI дыдэщ: абы дунейпсо политикэми экономикэми зыри къыщигъэпкIыркъым. Мис аращ 1755 гъэм къыщыщIа насыпыншагъэм зыхуишар. НэгъуэщIми уи гупсысэр хуокIуэ: дунейр къэзыхъунщIэу къэгъуэгурыкIуам езым и дунейр зэгуэр къэкъутэн хуейтэкъэ?

Къуршхэм я дуней

● Махуэгъэпс

Аранэ лъагапIэхэр – а псалъитI къудейм гупсысэр зыхуамышэрэ псэм къыщамыгъэушрэ щымыIэм хуэдэщ. Зым дежкIэ ахэр, дыгъэм пэлыдми, уэсылъэ-къырылъэ къудейщ, адрейхэм зэралъытэр налкъут-налмэсу зэтепщIыпщIэ Iуащхьэ плъыфэбэущ.

БГЫХЭМ я дунейпсо махуэр ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2003 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м иригъэкIуэкIа и 57-нэ зэхуэсышхуэм къыщащтами, абыкIэ жэрдэмыр къыщыхалъхьар нэхъ пасэущ - 1992 гъэм зи гугъу тщIы зэгухьэныгъэм и зэхыхьэу дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ теухуауэ щытарщ.

Къырылъэ щIыпIэхэр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм дыгъэгъазэм и 11-р зыхыхьэ тхьэмахуэ зэхуакум кърубыдэу, дыкъэзыухъуреихь дунейм фIыуэ хущытын зэрыхуейм, бгылъэ щIыпIэхэм мыхьэнэуэ яIэр зыхуэдизыр цIыхухэм ягу къэгъэкIыжыным теухуа зэIущIэхэр щIыпIэ куэдым къыщызэрагъэпэщ, тхылъхэр щащэ жармыкIэхэм зрагъэубгъу, а Iуэхум ехьэлIа дерсхэм курыт еджапIэхэм щIэсхэр щIагъэдэIу.

Ди планетэм и щIыгум и Iыхьэ плIанэм нэблагъэр (процент 22-м щIигъур) къуршхэмрэ къуакIэбгыкIэхэмрэ яIыгъщ. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, дунейпсо экономикэм зиужьынымкIэ бгылъэ щIыпIэхэм я мыхьэнэр къыпхуэмылъытэн хуэдизу инщ. КъызэрабжамкIэ, ЩIы Хъурейм тес цIыхухэм я процент 15-р (мелардым щIигъур) къырылъэ-къуршылъэхэм щопсэу. Абыхэм я дежкIэ ахэр икIи я ерыскъы къэкIуапIэщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, къуршхэр биологие зэмылIэужьыгъуагъэу ЩIы Хъурейм щытедгъуатэм я процент 50-м нэблагъэм, къинэмыщIауэ, нэгъуэщI зы щIыпIи дызыщримыхьэлIэ къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ я «хэгъэгуу» зэрыщытри, адэкIэ-мыдэкIэ щежэх псышхуэхэм я нэхъыбапIэм я «гущапIэу» къызэрабжри, къимыдэкIэри цIыхухэр зыщаплъыхьынымкIэ нэхъ дэзыхьэх, туризмэм нэхъ зыщрагъэужь щIыпIэ телъыджэхэм зэрыхалъытэри. Урысей Федерацэр къатщтэмэ, и щIыналъэхэм ящыщу 43-м къуршхэмрэ лъагапIэхэмрэ щыкуэдщ.

Бгыхэр игъащIэ лъандэрэ диIащ, иджыри диIэщ хъупIэу, гъавэ щIапIэу, зыгъэпсэхупIэу. КъуакIэбгыкIэхэм хъугъуэфIыгъуэхэр мымащIэу къыщIах, тIуащIэхэм дэт гидроэлектростанцхэм унэхэр ягъэнэху, заводхэр, фабрикэхэр ягъэлажьэ. Къуршхэр еджагъэшхуэхэми я лъэщапIэщ. Мыбдежым щадж щIым и зэхэлъыкIэр, дызэрыбауэ жьым и ищхьэ къатхэм я зэхэлъыкIэр, Iуащхьэ лъагэхэм щагъэув телескоп абрагъуэхэмкIэ вагъуэхэм щакIэлъоплъ, уахэ жыжьэм къыщекIуэкIхэр зэрагъащIэ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, кIуэтэху къэси нэхъри нэхъ нэрылъагъу мэхъу бгыхэми тIасхъапIэ зэраIэр, ахэри игъащIэкIэ зэтемыщэхэжын быдапIэу зэрыщымытыр. Дигу къемыуэнкIэ Iэмал зимыIэщ, къуршхэм хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэзых языныкъуэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр я лэжьыгъэм зэрыхуэмыIэижьым, я гуащIэдэкIым къарикIуэнум зэрытемыгузэвыхьым къыхэкIыу, щылажьэ щIыпIэхэр къыпхуэмыцIыхужын хуэдизу теплъаджэ зэращIри.

ГъэщIэгъуэнщ

ЩIы Хъурейм щынэхъ лъагэ дыдэ бгыхэр зыхыхьэ Гималаи къурш зэрыIыгъым километр мини 3-м нэблагъэ я кIыхьагъщ, и бгъуагъыр километр 350-м нызэрохьэс. Къэзыухъуреихь Iэгъуэблагъэм ар апхуэдизу щхьэщыIэтыкIащи, и лъэныкъуэ зырызымкIэ дунейм и щытыкIэр щызэхуэдэкъым: ищхъэрэкIэ зыкъыщызэкъуэзых губгъуэшэкъракъ абрагъуэхэм Сыбыр щIыIэр къынэсми, ИндиемкIэ гъэза и джабэ нэкIухэр зыхуэкIуэж тIуащIэ щIэращIэхэм, мэзылъэ бгыщIэхэм я лъабжьэм, жэнэтым укъыщыхутам хуэдэщи, щыхуабэщ, щызэгъщ, къэкIыгъэу къыщыкIри бащэщ. Дызэрыщыгъуазэщи, Гималаи къурш зэрыбыным хеубыдэ метр 8848-рэ зи лъагагъ Джомолунгмэ (Эверест) бгыжьри абы куэдкIэ зыкъыкIэрызымыгъэху Iуащхьэ абрагъуэжьи 10-ри.

ЗэрытщIэщи, куэд щIащ дыщыпсэу Кавказыр зыщыбгъэпсэхункIэ, лъэс туризмэм зыщебгъэужьынымкIэ, лыжэхэмкIэ къыщыбжыхьынымкIэ, альпинизмэм ехьэлIа зэхьэзэхуэхэр щебгъэкIуэкIынымкIэ зихуэдэ щымыIэ щIыпIэхэм ящыщу къызэралъытэри.

ИтIани къэлъытапхъэщ, мы зэманым дунейм нэхъ зыщызыужьа, нэхъ щыцIэрыIуэ бгы лыжэ курортхэр здэщыIэр Европэм и кум зыщызыукъуэдия Альп къуршылъэ щIыпIэхэр арауэ зэрыщытри. Абыхэм я бгы нэхъ лъагэ дыдэ Монблан Франджымрэ Италиемрэ я гъунапкъэм тетщ. 1965 гъэм ирихьэлIэу, лъэныкъуитIымкIи а бгым и лъабжьэм щыпхаудащ а къэралитIым я зыгъэпсэхупIэ нэхъ лъэрызехьэхэр зэпызыщIэ къурш гъуэгу цIэрыIуэр.

Иджы Японие къэралымкIэ зедгъэзэкIынщи, абы и хытIыгухэм ящхьэщылъэгыкI Фудзи бгыжьыр куэд щIакъым дунейпсо щIэинхэм ящыщу ЮНЕСКО зэгухьэныгъэм къызэрилъытэрэ, абы теухуа лъэIу тхылъхэр зыбжанэрэ хуагъэхьауэ щытыгъами. КъыхуамыдэуЩIекIуэкIар Фудзи и джабэ нэкIухэр фIеймрэ кIэрыхубжьэрыхухэмрэ къыщIэмыщыжыным нэсыпауэ хуабжьу ясеяуэ зэрыщытарщ.

Щхьэусыгъуэу къыдалъэгъуам «ириукIытэжа» японхэм зыкъызэщIакъуэри, къэралпсо Iуэху кърахьэжьащ: альпинистхэр, туристхэр, IуэхущIапIэхэм щылажьэхэр, пенсионерхэр, егъэджакIуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ – щхьэх зымыщIэ дэтхэнэри - еувэлIащ Японием зэрыгушхуэ лъагапIэжьым и бгы нэкIухэр гъэкъэбзэным. Абы къикIуар аращи, 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м Фудзи бгыжьыр дунейпсо щIэинхэм ящыщ зыуэ ЮНЕСКО зэгухьэныгъэм къыщалъытащ.

Бгыхэм - гулъытэ

КъыжыIэпхъэщ, къуршхэм я «гъащIэр» зэрекIуэкIынумрэ ахэр щIыуэпсым къызэригъэщIауэ къызэтегъэнэнымкIэ ЩIы Хъурейм тет къэрал псоми я Iуэху зехьэкIэми абыхэм щыпсэу цIыхухэм я бгъэдыхьэкIэми куэд зэрелъытар.

Къыщыхъу щыIэщ, альпинистхэмрэ туристхэмрэ зыщагъэпсэху, къыщакIухь джабэ нэкIухэмрэ абыхэм я зэхуаку дэт тIуащIэхэмрэ къызэрымыкIуэу леишхуэ щрах. А псом я гущIыIужкIи, къуршхэм я куэщI ис къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэсхэми къэзыухъуреихь Iэгъуэблагъэм зэхъуэкIыныгъэ узыхуэмейхэр къыщагъэхъу. А Iуэхум гулыцI зиIэ дэтхэнэри иримыгузэвэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Зи гугъу тщIахэм мыри дэщIыгъужыпхъэщ: дыкъэзыухъуреихь дунейм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм - уэгъум, ятIэпс къежэххэм, уафэм къех псыIагъэм гуилъэсыкI-гуигъэухэм, мылылъэ щIэткIукIхэм «къыздашэ» уэсукхъуэхэм къыздрахьэх къыр дзакIэхэм, мывэхэм, цIыхухэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэгурымыIуэныгъэхэм, абы хуэдэ нэгъуэщIхэми - я зэран бгылъэ щIыпIэхэм зэрекIыр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Фадэм ирищIыкIа щIыналъэ

ЛIыгъэ зепхьэнумэ, зэманыр зэран хъуркъым. Сыту жыпIэмэ, хахуэкIэ узэджэнур цIыхур зэса гъуэгу пхэнжым къытезышыфырщ, и гур езыр зыщымыгугъыжым къыхуэзыгъэушырщ, хэкIыпIэ езыгъэлъагъурщ.

ВОЛОГОДСКЭ областым и губернатор Филимонов Георгий жэрдэм къызэрымыкIуэкIэ утыку къихьащ. И унафэм щIэт щIыналъэм цIыхукIэ иIэ хэщIыныгъэм и нэхъыбэр фадэм къызэрыхэкIыр бжыгъэхэм и фIэщ ящIа нэужь, абы унафэ къищтащ я областым фадэр жэщ-махуэм щыщу сыхьэтитIкIэ фIэкIа ящэну хуимыту. Унафэм къыпэщIэувахэр зэрыкуэдым нэхърэ нэхъ щыхьэт наIуэ ухуейтэкъым ар зэрызахуэр къыбгурыIуэн щхьэкIэ. Арати, губернаторыр и щхьэкIэ цIыхубэм я пащхьэ къиувэри, апхуэдэ унафэр къыщIиштам и щхьэусыгъуэм псоми зэхахыу тепсэлъыхьащ.

«Сэ тхыгъэ куэд къысIэрохьэ мы унафэщIэ къэтщтам, Вологодскэ областым фадэр сыхьэт бжыгъэ пыухыкIакIэ фIэкIа щемыгъэщэным теухуам и мыхьэнэр къагурызгъэIуэну къызэлъэIуу, - жиIащ Филимоновым. – КъывгурызогъаIуэ икIи сынyволъэIу адрейхэм жаIэр фи фэщI фымыщIыну.

Мыр фIыуэ дегупсысу къэтщта унафэщ. Фадэр нэхъ мащIэу зэредгъэщэн Iуэхур щыпхыдгъэкIыну хабзэщIэ догъэхьэзыр. Щхьэусыгъуэр наIуэщ: Вологдэм и Iэгъуэблагъэмрэ Урысей Ищхъэрэмрэ цIыху цIыкIур щызэтолIэ. Зы илъэс закъуэм и кIуэцIкIэ ди областым цIыху мини 7,5-рэ дунейм щехыжащ. Мы бжыгъэхэр шынагъуэщ. Зы щIыналъэ псо хуэдиз мэхъу абыхэм къызэщIаубыдэ цIыху бжыгъэр. Ди хэкуэгъухэм я процент 71-р зэрылIыкIыр фадэрщ е фадэм къишэ узыфэхэрщ: панкреатит, гууз, тхьэмщIыгъу уз зэфыкIхэр, ефауэ рулым дэтIысхьэхэр, чэфу унэм щызэфIэнэу зэрыукIыжахэр, къинэмыщIхэр.

Фадэр нэрыгъ зыхуэхъуа узыфэ зиIэхэм я бжыгъэр илъэсым и кIуэцIкIэ процент 30-кIэ нэхъыбэ хъуащ. ЦIыхухэр ныкъуэдыкъуэ щыхъури щыхэкIуадэри зауэ IэнатIэракъым. Я унэ щIэсыжу фадэм йолIыкI. Фадэ зыIуамылъхьэн и лъэныкъуэкIэ щIыналъэхэр щызэралъытым, Вологдэ щIыналъэм напэтехыу 7I-нэ увыпIэр къиихьащ. Ауэ щыхъукIэ, иужьрей илъэсиплIым фадэ зыщэ тыкуэнхэм я бжыгъэр тIукIэ, щыкIэ бэгъуащ. Лъэбакъуэ къэс уащыIуоуэ абыхэм. ЦIыхухэр нэхыбэу щIэтхьэусыхэр «къигъэхъуапIэ» зыфIаща, жэщым цIыхухэр щрагъафэ къуэгъэнапIэхэрщ.

Дэ деплъыфыркъым ди цIыхухэр зэрызэтекIуадэм. Езыхэм я узыншагъэми зэран хуохъу, къащIэхъуэ щIэблэми узыфэхэр яIэу дунейм къытохьэ. Деплъыфыркъым убакъуэмэ узыхуэзэ фадэ тыкуэнхэм я деж щIалэгъуалэр зэтрихьауэ зэрыщызэхэтым, ахъшэ нэхъыбэ къалэжьын мурадкIэ цIыхубэр зэрагъэунэхъум».

Апхуэдэ щIыкIэу утыку къихьэри, Филимоновым цIыхубэм къагуригъэIуащ Iуэхур зыIут дыдэр, апхуэдэ унафэ ткIий къамыщтэмэ, щIыналъэр узымрэ фадэм илIыкIынымрэ къызэрыIэщIэмыкIыфынур.

«Куэдрэ къысхувотх ди деж куэд къызэрыIэпхъуэм, урыс къалэхэм зэрызахъуэжым, хамэхэр къызэрыдэтIысхьэм теухуауэ, - жиIащ къулыкъущIэм. – Ауэ цIыхубэр зауэм щыIэм хуэдэу зэтелIэмэ, зыгуэр къимытIысхьэнкIэ Iэмал иIэкъым ахэр щыпсэуа щIыпIэм. Хэт-тIэ ди Хэкум щыпсэунур? Аращи, унафэ къэтщтащ блыщхьэм щегъэжьауэ мэрем пщIондэ, фадэр сыхьэт 12-м къыщыщIэдзауэ I4 пщIондэ я зэхуакум фIэкIа ящэну хуимыту. Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэми, илъэсыщIэми, махуэшхуэхэми зэрыщытам хуэдэу къонэж. Дэ я гугъу тщIыркъым ресторанхэм, кафехэм, бархэм, хьэщIэщхэм, ахэр зытетам къытенэнущ. Дэ къыдгурымыIуэу щыткъым туристхэр къетшэлIэн папщIэ, фадэ дымыщэххэу зэрытхуэмыщIынур. ХабзэщIэ къатщтэм Вологдэм щыпсэухэм я псэукIи, я шхэкIи ихъуэжыркъым. Мыр щабэ дыдэу мыхъумыщIагъэм дызэрыпэщIэувэ Iуэхуу аркъудейщи, дызытехьэ илъэсыщIэм и гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ, унафэр ягъэзэщIэн щIадзэнущ Вологодскэ областым и Хабзэубзыху собранэм и арэзыныгъэкIэ.

Ди Iэр зэтедзауэ дыщыс хъужынукъым. Сэ сыщогугъ щытыкIэр къызыфIэIуэху хэкуэгъухэм Iуэхур къыздаIыгъыну, Урысейр фIыуэ зылъагъухэм сакъыгурыIуэну».

Ди республикэм и гугъу тщIымэ, иджыблагъэ «Газета Юга»-м къытрадзащ зы цIыхум хуэзэу яща фадэм и бжыгъэр. Ар къегъэлъагъуэ «Финэкспертиза» IуэхущIапIэм. 2024 гъэм и мазибгъум къриубыдэу къызэрабжамкIэ, КИФЩI-м хыхьэ республикэхэр фадэ нэхъ мащIэу къыщащэхухэм хабжащ. Ингушым зы цIыхум хуэзэу аркъэ гуащIэ литр 1,3-рэ щащащ, Дагъыстэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхъэрэм – зы цIыхум хуэзэу литр 1,1-рэ, Къэрэшей-Шэрджэсым – литр 1,5-рэ. Зыри щамыщэххауэ къыщIэкIащ Шэшэн республикэм.

Урысейм зы цIыхум хуэзэу фадэ нэхъыбэ дыдэ щащауэ къыщIэкIар Карелиерщ - абы зы цIыхум литр 12 щыхуозэ. Урысейр зэрыщыту къапщтэмэ, ику иту зы цIыхум литри 5,8-рэ щыхуэзэу къапщытащ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

И цIэр яхъуэжми...

● Ди гъунэгъухэм я деж

Иджыблагъэ (дыгъэгъазэм и 1-м) Владикавказ щекIуэкIащ Осетинхэм я совет нэхъыщхьэ («Иры стыр ныхас») жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и съездыр. ЗэIущIэр зэхыхьащ «Урысейм дыхэту ди тхыдэр, ди бзэр, ди лъэпкъыр тхъумэнщ» къыхуеджэныгъэм щIэту. Абы хэтащ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэу Осетие Ищхъэрэмрэ Ипщэмрэ щыщхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, республикитIми я Iэтащхьэхэр.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ къыхагъэщхьэхукIащ Советым и лэжьыгъэм зэрызимыхъуэжыр. Псом япэу ар зыхуэгъэзар цIыхубэр, осетинхэм я мызакъуэу, Осетие Ищхъэрэмрэ Ипщэмрэ щыпсэу псори зэкъуэгъэувэнырщ. Апхуэдэу я мурадщ щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэ осетин лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм зыпащIэну. Къалэнхэр зэрыщытауэ къонэж: ахэр егъэдэжныгъэм, къащIэхъуэ щIэблэр гъэсэным, лъэпкъ лъапIэныгъэхэр хъумэным ехьэлIахэрщ. Гулъытэ ин хуащIынущ къэралым и унафэщIхэм къызэрагъэувам хуэдэу ныбжьыщIэр Хэку лъагъуныгъэм щIэпIыкIыным.

Съездым зэщIэхъееныгъэм и Iэтащхьэу хихащ Осетие Ищхъэрэм и ветеранхэм я советым и унафэщI Фриев Казбек. Абы а къулыкъум щызэрихъуэкIащ ипэIуэкIэ республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъуу ягъэува Ватаев Зелим. Апхуэдэу унафэ къыщащтащ зэгухьэныгъэм и цIэр яхъуэжыну: «Иры стыр ныхас»-м и пIэкIэ иджы абы зэреджэнур «Аланты ныхас»-ущ, «Алан совет» къикIыу арац. Фигу къэдгъэкIыжынщи, Аланиер Курыт лIэщIыгъуэхэм Кавказ Ищхъэрэм щыIа къэралщ.

Жэпуэгъуэ революцэм ипэкIэ ныхасхэр (цIыхубэ зэхуэсхэр) щрагъэкIуэкIыу щытащ къуажэхэми зэрыщыту щIыналъэми. А хабзэр зэфIагъэувэжащ «Стыр ныхас» осетинпсо лъэпкъ зэщIэхъееныгъэр 1993 гъэм къызэрагъэпэща иужь. 1999 гъэм ар зэрахъуэкIащ Осетием и «Аланты ныхас» жылагъуэ-политикэ зэщIэхъееныгъэу. Ауэ апхуэдэу куэдрэ екIуэкIакъым. Мыгувэу «Иры стыр нахас» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм хуэкIуэжащ.

Иджы фIаща цIэр игъуэтын папщIэ япэщIыкIэ ар щатхын хуейщ УФ-м ЮстицэмкIэ и министерствэм.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

Макъ телъыджэ

Шэрий Иринэ къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу

Къыхиха Iэщlагъэмрэ зригъэгъуэта щlэныгъэмрэ щехъулlэ цlыхухэм гуапэу я гугъу ящlу куэдрэ ди газетым къыхуотхэ абыхэм я гуащlэм щыгъуазэхэр. Апхуэдэу иджыблагъэ къытlэрыхьащ егъэджакlуэ, композитор, цlыхубэм фlыуэ ялъэгъуа Iэщlагъэлl Iэкlуэлъакlуэ Зэрэмыщlэ Заретэ и тхыгъэ. Уэрэджыlакlуэ цlэрыlуэ Шэрий Иринэ и гъащlэмрэ и гуащlэмрэ триухуа и Iэдакъэщlэкlыр иригъэхьэлlащ ар къыщалъхуа махуэм.

УЭРЭДЖЫIАКIУЭ, уэрэдус, егъэджакlуэ, РФ-м, КъБР-м щlыхь зиlэ я артисткэ, Дагъыстэным и цlыхубэ артисткэ Шэрий Иринэ Хьэсэн и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэрым и Шэджэм Езанэ къуажэм 1929 дыгъэгъазэм и 8-м къыщалъхуащ. Зэчий зыбгъэдэлъ хъыджэбз цlыкlум пасэ дыдэу уэрэд жыlэн щlидзащ. Илъэсищ фlэкlа щымыхъум, апхуэдизу гурыхуэти, дэнэкlэ щызэхихри и гум ириубыдэрт. Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям, илъэс 12 фlэкlа мыхъуа а хъыджэбз цlыкlум уlэгъэ хъуауэ сымаджэщхэм щlэлъ сэлэтхэм я пащхьэ уэрэд щыжиlэрт, абыхэм я гукъыдэжыр къиlэту. Апхуэдэу Иринэ пасэу утыкум ихьащ, куэдми къацlыхуащ. Илъэс 13 и ныбжьу Иринэ ирагъэблэгъащ уэрэдымрэ къафэмрэ къыхузэрагъэпэща «Кабардинкэ» ансамблым.

Зэрысабийрэ уэрэд жыlэным дихьэх Иринэ а Iэщlагъэм хуеджэну и гум ирилъхьат. Ауэ а мурадыр абы къыщехъулlар 1947 гъэрщ. Ди республикэм къыщыхаха щlалэгъуалэ студием хэту ар Ленинград кlуащ, Римский-Корсаков Н. А. и цlэр зезыхьэ консерваторэм щlэтlысхьащ. Ар езыгъэджар Мариинскэ театрым и уэрэджыlакlуэ нэхъыфl дыдэхэм ящыщ Кашевар Ольгэщ. Еджэу къэзыгъэзэжа гупращ ди республикэм и щэнхабзэм лъабжьэ хуэхъуар, ар лъэ быдэкlэ зыгъэувар. Къэбэрдей опернэ студием Иринэ и гъусэу щеджахэщ уэрэджыlакlуэхэу Кlуащ Верэ, Къуэдзокъуэ Владимир, Кlэрэф Хьэту, Урыс Лизэ, Атэлыкъ Быцэ, Лэкъун Ленэ, Хъущт Мухьэдин, пианисткэ Кlуэкlуэ Майе, композиторхэу Къардэн Хьэсэнрэ Балэ Мухьэдинрэ, музыкальнэ теоретик Хьэсанэ Мусэ, дирижер Афlэунэ Хьэмид, опернэ режиссёрхэу Хьэхъупащlэ Хьэжбэчыррэ Ерчэн Леонидрэ, хормейстер Блэнауэ Быцэ сымэ.

1953 гъэм Иринэ консерваторэр къеухри Налшык къегъэзэж, ехъулlэныгъэхэр иlэу лэжьэн щlедзэ. Лъэпкъыр лъэпкъ зыщlыр щэнхабзэр, гъуазджэр арауэ зэрыщытыр фlыуэ къызыгурыlуэ артистхэм концертхэр районхэм щатырт, хуаби щlыlи абыхэм зэрыкlуэр шыгукlэт.

1955 гъэм къыщыщlэдзауэ 1980 гъэр хиубыдэу Шэрий Иринэ къэрал филармонием и уэрэджыlакlуэу, 1964 гъэм щегъэжьауэ 1968 гъэ хъуху филармонием и художественнэ унафэщlу щытащ.

Иринэ и гуащlэкlэ псоми къыхэлыдыкlырт, къыхих репертуарыр и макъым екlурт, гум дыхьэрт. Композитор цlэрыlуэ Хьэlупэ Джэбрэlил Шэрий Иринэ и макъ къабзэ жыгъырур амкlыщым ейм хуигъэдащ.

Уэрэджыlакlуэхэм ящыщу и закъуэу концерт итыныр япэ къызэхъулlар Иринэщ. Филармонием и симфоническэ оркестрым и гъусэу щlыпlэ куэдым щыlащ ар, концерт куэдым хэтащ. Шэрийм игъэзэщlащ Моцарт, Шуберт, Брамс сымэ ятха оперэхэм я ариехэр, Урысейм и композиторхэу Чайковскэм, Рахманиновым я романсхэр. Къэбэрдей композитор цlэрыlуэхэм, псалъэм папщlэ, Къардэн Хьэсэн, Тхьэбысым Умар, Уэсмэн Нихьэт, Хьэlупэ Джэбрэlил, Даур Аслъэн, Шахгалдян Артемий, Балэ Мухьэдин сымэ, нэгъуэщlхэми Иринэ папщlэ уэрэдхэр яттхырт. Хэт зымыщlэжыр «Университет вальс», «Тхьэрыкъуэ хужь», «Уэ уи нитl», «Гущэкъу уэрэд», «Си нэ дахэ» уэрэдхэр? Ахэр щlаусари япэу зыгъэзэщlари Шэрий Иринэщ.

Илъэс 25-кlэ утыкур игъэбжьыфlащ абы. «Ущlалэхущ, удахэхущ сценэм узэритын хуейр» lуэху еплъыкlэр зиlэ Иринэ фlыуэ илъагъу и Iэщlагъэм щlэблэр хуигъэсэну, хуригъэджэну мурад ищlри, Налшык дэт Музыкальнэ училищэм уэрэджыlакlуэхэр щагъэхьэзыр и къудамэм и егъэджакlуэу (1980 - 1991) лэжьащ. 1991 гъэм щыщlэдзауэ Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и институтым (СКГИИ) уэрэд жыlэнымкlэ и кафедрэм и профессорщ. Илъэс щэщl нэблагъэкlэ лэжьащ егъэджакlуэ-гъэсакlуэу, Iэщlагъэм щlалэгъуалэр дригъэхьэхыу, щlэныгъэ ябгъэдилъхьэу. Иринэ иригъэджа уэрэджыlакlуэ куэд нобэ утыкум итщ, абы и лъэужь дахэм ирикlуэу. Апхуэдэхэщ ар гуапэу зигу къинахэу Зеущэ Iэуес, Таукеновэ Марзият, Ащхъуэт Ислъам, нэгъуэщlхэри.

Уэрэдым и Iэмал, и зэхэлъыкlэ фlыуэ къызыгурыlуа бзылъхугъэм езыми ахэр иусын щlедзэ. Кlыщокъуэ Алим и псалъэхэр зыщlэлъ «Уи дыхьэшх макъыр» и япэ Iэдакъэщlэкlт Иринэ. Ар макъамэпсэ хилъхьэу езым игъэзэщlа нэужь, абы дамэ къытекlэри, цlыхубэм япхъуэтащ. Алимрэ Иринэрэ зэдэлажьэу щlадзэри, иджыри уэрэд дахэ куэд къоунэху. Апхуэдэхэщ «Си адыгэ хэку», «Фэеплъ бэлътоку», «Уи дыхьэшх макъыр», нэгъуэщlхэри.

«Шэрий Иринэ, тыгъэ пхузощl, уи макъ дахэмкlэ си щlыналъэр къызэбгъэпсалъэу къысфlыбогъэщlри» - апхуэдэу къыхутритхат Кlыщокъуэ Алим Шэрий Иринэ кърита фэеплъ тхылъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и усакlуэхэу Хьэхъупащlэ Хьэжбэчыр, Щоджэн Хьэбас, Тхьэгъэзит Зубер, Зумакуловэ Танзиля сыми ядэлэжьащ Иринэ. Абыхэм я псалъэхэм макъамэ щlигъэувэри уэрэдхэм («Си Къэбэрдей-Балъкъэр», «На берегу Терека», «Си анэдэлъхубзэ», «Унэишэ», н.) гъуэгу ягъуэтащ, цlыхубэм фlыуэ ялъэгъуащ. Зэрынэрылъагъущи, лъэпкъ гъуазджэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищlащ Иринэ: и макъ дахэр ноби ящыгъупщакъым, и уэрэдхэр нобэми ягъэзащlэ, Кавказ Ищхъэрэм и дыщэ гъэтlылъыгъэ хъуащ ахэр.

Шэрий Иринэ итхауэ дунейм къытехьащ тхылъитl: «Песни Ирины Шериевой» (Налшык, «Эльбрус» тхылъ тедзапlэ, 1999 гъэ), «Репертуар выдающихся вокалистов Кабардино-Балкарии» (Налшык, «Принт-центр», 2022).

Шэрий Иринэ дуней тетыкlэ дахи иlэт: езыр щыпкъэт, гуапэт, нэмыс хэлът. Иринэрэ абы и щхьэгъусэ Шэрий Хъуатlэ и къуэ Мухьэмэдрэ Ленинград щызэрыцlыхуат. Ар адмирал Макаровым и цlэр зезыхьэ флотым и академием щеджэрт. Фlыуэ зэрылъагъури унагъуэ зэдаухуащ, насыпыфlэу илъэс куэдкlи зэдэпсэуащ. Я бынхэми гъэсэныгъэ дахэ халъхьащ, гъуазджэм хурагъэджащ, гъащlэм лъэ быдэкlэ хагъэуващ: япхъу нэхъыжь Ольгэ филологщ, япхъу нэхъыщlэ Марьянэ СКГИИ-м тхыдэмрэ макъамэм и теориемкlэ кафедрэм и доцентщ.

2004 гъэм Шэрийм пшыхь дахэ хуащlат, хьэщlэхэри дэлэжьахэри и гуащlэм, и дуней тетыкlэм, и цlыху хэтыкlэм тепсэлъыхьат. Пшыхьым къекlуэлlа псоми жаlар зы гупсысэм зришалlэрт - Иринэ ди республикэм и щэнхабзэм и вагъуэ лыдщ, лъэпкъ макъамэм и дыщэ пхъуантэщ.

Ди лъэпкъ щэнхабзэм и дамыгъэ дахэу плъытэ хъуну Шэрий Иринэ 2019 гъэм фокlадэм и 4-м дунейм ехыжащ.

Зыгъэхьэзырар
ИСТЭПАН Залинэщ.

Унагъуэм и лъапlэныгъэхэм траухуэ

Унагъуэм и илъэсым иращlэкl lуэхухэм ящыщ зыуэ, Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкlэ центрым щекlуэкlащ «РОДом из КБР» фестивалым хыхьэ «Живые семейные портреты» зэхыхьэр.

УНАГЪУЭМ и хабзэхэмрэ лъапlэныгъэхэмрэ, Хэкум и тхыдэр, жьымрэ щlэмрэ я зэпыщlэныгъэхэр хъумэным теухуа фестивалыр егъэзащlэ «Проект «Семья» АНО-м, КъБР-м Лъэпкъ lуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкlэ, Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэхэр и дэlэпыкъуэгъуу.

Мыбдеж щагъэлъэпlащ эссе зи Iэдакъэ къыщlэкlахэм я зэпеуэм щытекlуахэр. lуэхум хэтащ республикэм и районхэмрэ къалэхэмрэ ящыщу илъэс 11 - 17 ныбжьым ит еджакlуэ 500-м щlигъу. Ахэр едэlуащ лъэпкъ жыгхэм, тхыдэм теухуа дерсхэм. Апхуэдэ эссем елlэлlахэм я тхыгъэхэр хагъэхьащ ахэр щызэхуэхьэса электрон къыдэкlыгъуэм. Зэхьэзэхуэм ирагъэхьа лэжьыгъэ 244-м нэхъыфlхэр къыхахащ.

Мы lуэхур къызэзыгъэпэщахэр республикэм и курыт еджапlэхэмрэ интернатхэмрэ щыlащ, ныбжьыщlэхэр я lуэхум, я лъэпкъ жыгыр зэрагъэхьэзырынум, лэжьыгъэр зэратхынум хагъэгъуазэу. Ныбжьыщlэхэм ятхыжащ я адэ-анэхэмрэ адэшхуэ-анэшхуэхэмрэ, дэлъху, къуэш, шыпхъу нэхъыжьхэм къыжраlахэр. Апхуэдэ лэжьыгъэм и фlыщlэщ еджакlуэхэм я унагъуэ хабзэхэр, я лъэпкъ тхыдэм щыщ гуэрхэр къызэращlар. «Унагъуэр хабзэ, мамырыгъэ, зэгурыlуэ зэрылъ, зыр адрейм щыдэlэпыкъу быдапlэщ», - а гупсысэр нэхъыщхьэу къыхахауэ жыпlэ хъунущ мы зэпеуэм.

Фестивалым хыхьэу къызэрагъэпэщащ уэрэд жыlэнымкlэ, Iэщlагъэ къыхэхынымкlэ «Моё имя - моя идентичность: путешествие по истории рода», «Арт-генеалогия: визуализируй свои корни», «Нити связи: практические советы для родителей подростков или доброжелательный подход», «Сердце к сердцу: искусство общения с детьми через историю рода» мастер-классхэр. Апхуэдэу гупхэм я унагъуэм щыщхэр, къэпщытакlуэр я дэlэпыкъуэгъуу, лъэпкъ жыгхэр ящlащ. Къинэмыщlауэ, еджакlуэхэр викторинэхэмрэ насыпырыхь джэгухэмрэ хэтащ, къызэгъэпэщакlуэхэмрэ фестивалым мылъкукlэ зыкъыщlэзыгъэкъуахэмрэ къабгъэдэкl саугъэтхэр къратащ. lуэхум республикэм и артист нэхъыфlхэр ирагъэблэгъащ икlи ныбжьыщlэхэм Iэмал яlащ я упщlэхэмкlэ абыхэм зыхуагъэзэну.

- lуэхур къызэдгъэпэщынымкlэ дэlэпыкъуэгъу къытхуэхъуахэм, лэжьыгъэ гъэщlэгъуэнхэр я бынхэм ятхыным тезыгъэгушхуа адэ-анэхэм, езы еджакlуэхэм фlыщlэ яхузощl, - жиlащ «Проект «Семья» АНО-м и унафэщl, хьэрычэтыщlэ, псапащlэ, IVS lуэхущlапlэм и унафэщl Нэхущ Азэмэт. - Дэтхэнэ зы цlыхуми ищlапхъэщ и лъэпкъымрэ и нэхъыжьхэмрэ я къекlуэкlыкlар. Нэхъ пасэм унагъуэм иlа пщlэр, илъа зэхущытыкlэ дахэр, щызекlуэу щыта хабзэхэр къэдгъэщlэрэщlэжынырщ нэхъыщхьэу зи ужь дитыр. Къалэну зыхуэдгъэувыжыр лъагъуныгъэр, дзыхьыр зи лъабжьэ унагъуэ дахэхэм я бжыгъэм хэдгъэхъуэнырщ, адэ-анэхэмрэ я бынхэмрэ я зэхущытыкlэхэр нэхъри дгъэбыдэнырщ, едгъэфlэкlуэнырщ. Дызыпэрыт lуэхур зэманым зэрыпэджэжым гу лъатащ. Абы цlыху куэд зэрызэщlишэр гуапэщ. Къыдэхъулlэмэ, ар къыддаlыгъмэ, дяпэкlи абы къыпытщэну ди мурадщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

БИТОКЪУ Тимур: Футболыр ди гъащlэу дыкъэхъуащ

Мы гъэм екlуэкlа урысей чемпионатым къриклуахэр къызэщlикъуэжу «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Битокъу Тимур ялуущlащ республикэм и хъыбарегъащlэ lуэхущlапlэхэм я лэжьакlуэхэм икlи я упщlэхэм жэуап яритыжащ.

- Гъэ джэгугъуэщlэм щlимыдзэ щlыкlэ, командэм и тренер нэхъыщхьэу ущагъэувам щыгъуэ, сыт хуэдэ къалэнхэр зыхуэбгъэувыжат? Сыт хуэдэ гугъэхэр уиlа? Зэрытщlэщи, иужьрей илъэситхум командэм уригъусэщ, абы и хъуреягъкlэ къыщекlуэкlми, топджэгухэм я зэфlэкlхэми ущыгъуазэщ.

- Псом нэхърэ нэхъыщхьэу щытар гъэм и кlэм деж турнир таблицэм и лъабжьэм дыкъыщымыхутэу, адрей илъэсхэм нэхърэ мынэхъыкlэу дыджэгунырт. Абы нэмыщl, дэ къытпэщылъащ ди гъэсэнхэм ящыщу топджэгу ныбжьыщlэ зыбжанэ командэ нэхъыщхьэм къыхэтшэну, абы къыдэкlуэуи, сэри си Iэзагъымрэ зэфlэкlымрэ хэзгъэхъуэну. Дауэ мыхъуми, мы гъэм япэу тренер нэхъыщхьэу сылажьэу аращ.

Сыщымыуэмэ, иужьрей илъэситхум 9 - 11-нэ увыпlэхэм нэхърэ нэхъ лъагэу турнир таблицэм дыщыдэкlуеакъым. Апхуэдэу щыхъукlи, къэлъытапхъэщ абы щыгъуэ клубым иlа зэфlэкlхэмрэ иджырейхэмрэ фlыуэ зэрызэщхьэщыкlыр. Нэгъуэщl щlыналъэхэм къикlауэ ди деж щыджэгуа щlалэ зыбжанэ дутlыпщыжын хуей хъуащ. Абыхэм я улахуэхэри цlыкlутэкъым. Ауэ абы щхьэкlэ дэ къытпэщылъа къалэнхэр зыщхьэщытхыжыну зыдгъэхьэзыркъым. Пэжщ, зэман кlыхькlэ командэм и унафэщl зэрыдимыlам и жьи къытщlихуащ. Ар ягъэува иужькlэ, ди lуэхухэр тlэкlу нэхъ тыншу хъуащ, ауэ зы махуэкlэ псори пхуэгъэзэкlуэжынукъым.

- Нтlэ, сыт нэхъ къывэмыхъулlар фи мурада псом щыщу?

- Псом нэхърэ нэхъапэу къыдэхъулlакъым ди гъуащхьэр быдэу тхъумэфын хуэдэу ди джэгукlэр зэтедгъэувэну. Апхуэдэу щыхъукlи, чемпионатыр и кlэм нэсыху командэр хьэрхуэрэгъухэм зэребгъэрыкlуамкlэ, и джэгукlамкlэ хьарзынэу зыкъигъэлъэгъуащ, абыи арэзы сыкъищlащ. Ауэ ди гъуащхьэм деж мыхьэнэншэу дыщыдджэгуащ. Мыри хьэлэмэт гуэрщ. Си гъащlэр гъуащхьэхъумэу футболым щесхьэкlащ, сызыгъэсахэри я lуэхум фlыуэ хэзыщlыкl Iэщlагъэлlу щытащ, атlэми, ди гъуэр тхуэхъумэжакъым.

Зэрыжаlэу, махуэ къэс делэжьащ ди гъуащхьэм деж ди джэгукlэр щызэтедухуа зэрыхъуным, джэгугъуэ нэужь къэскlи ди щыуагъэхэр зэпкърытхыжащ, ауэ дызэрыхуейм хуэдэу тхуэхъуакъым. Дауи, ар зи щыуагъэр сэращ. Командэм и тренер нэхъыщхьэу сыщыщыткlэ, нэхъыбэрэ а лъэныкъуэм селэжьын хуеящ. Ауэ, апхуэдэу жысlэ щхьэкlи, ди гъуэр зэрытхъумэжыну щlыкlэхэм дытелажьэ зэпытурэ ди ныкъуэкъуэгъум и гъуэр къызэрытщтэн хуей Iэмалхэри тlэщlэхужынкlэ хъунут. Гъэм щlимыдзэ щlыкlэ къыхэзгъэщат футбол «зэlуха» дызэрыджэгунур.

- Пэж дыдэу, командэм топ куэд и хьэрхуэрэгъухэм яхудигъэкlащ мы гъэм икlи чемпионатым абыкlэ щынэхъыфlихым яхыхьащ...

- Къытхудагъэкlари мащlэкъым. Кlэщlу жыпlэмэ, псомкlи дызэхуэдэкъым. Хъарзынэщ уи щlэблэ, топджэгу ныбжьыщlэ щыбгъасэм, уи командэм ар щыщыбгъэджэгум деж, ауэ турнир таблицэм уиlэ увыпlэфl щыбубыдын мурадхэр уиlэу щытмэ, а зымкlэ lуэхур зэфlэкlынукъым. Командэм топджэгу Iэзэхэр къыхэшэн хуейщ абы щхьэкlэ, абыхэм ягъусэуи ди щlалэхэм нэхъ загъэсэнущ. Нэгъуэщlу хъунукъым. Ар дунейпсо хабзэщ.

Епщыкlущанэ увыпlэ къэтхьар - ар лъахъшэ дыдэщ дэркlэ икlи ухэзыгъаплъэщ. Мы гъэм ди lуэхур къикlакъым, къыдэмыхъулlауи къызолъытэ. Абыкlэ, командэм и тренер нэхъыщхьэу сыщыщыткlэ, жэуап зыхьыр сэращ. lуэхур адэкlэ зэрыхъунум теухуауэ командэм и унафэщl Заруцкий Александррэ сэрэ иужькlэ дызэпсэлъэнущ. Командэм и къэкlуэнум теухуа гупсысэхэр сиlэщ. Тренер нэхъыщхьэу сыкъагъанэу щытмэ, сыхьэзырщ адэкlи сылэжьэну, сыкъамыгъанэрэ - абы щыгъуи гукъанэ сиlэкъым. Си дежкlэ нэхъыщхьэр «Спартак-Налшыкым» чемпионатым сыт щыгъуи екlуу зыкъыщигъэлъэгъуэнырщ.

- Чемпионатым къриубыдэу узэрыхуейм хуэдэу командэр щыджэгуа щыlащ, дауи...

- И пэщlэдзэхэм. Сощlэж, датекlуауэ, дызэрытемыгъэкlуауэ, къыттекlуауэ зэlущlэхэр абыхэм щыгъуэ зэриухар. Атlэми, командэм и джэгукlэм, топджэгухэр зэрызэрыlыгъым арэзы сыкъащlырт: я нэр къилыдыкlыу, текlуэныгъэм хуэпабгъэу губгъуэм къикъэхэрти, абыи сигъэгуфlэрт. Иужькlэ, хуэм-хуэмурэ щlэужьыхащ. Иджыри зэ къыхэзгъэщынщи, клубым абы щыгъуэ къыщекlуэкlа, хэкlыпlэ къызыхуэгъуэтын хуейуэ щыта, футболым пымыщlа lуэхугъуэхэм я зэранкlэщ апхуэдэу къыщlэхъуар.

Япэ дыдэу, клубым лъабжьэ быдэ иlэн хуейщ. И лъабжьэр цlырхъыу, блынджабэхэр къэчауэ, унащхьэр зэгъэпэщыжын щlадзэркъым. Атlэми, ди жагъуэ зэрыхъущи, клубми бюджет бэлыхь иlэкъым. Сыщогугъ, командэм и унафэщlу ягъэувам и зэфlэкlхэмрэ къарумрэ хилъхьэу, lуэхур фlым хуишэжыфыну.

- Узэреплъымкlэ: мы гъэм екlуэкlа зэlущlэхэм ящыщу дэтхэнэра нэхъ къывэхъулlар, сыт хуэдэра арэзы узытемыхъуэххар?

- Зэкlэ си щхьэр зыхуэкlуэр ди унэ дыщыlэу Каменск-Шахтинск къалэм и «Строитель»-м дыщыдэджэгуарщ, псом нэхърэ нэхъ къыдэхъулlауэ къэслъытэри аращ. Купщlафlэу, гупсысэ хэлъу екlуэкlащ ар икlи 3:0-у дытекlуауэ щытащ. Урысейм и Кубокыр къэхьыным хуэунэтlауэ екlуэкlа зэlущlэми «Динамо-Ставрополь»-м хьарзынэу дыдэджэгуащ. Абы щыгъуи ди унэ дыщыlэжащ. Псом нэхърэ нэхъ мыхьэнэншэр «Кубань-Холдинг»-м дедгъэкlуэкlарщ, ахэр ди деж къыщыттекlуащ. Абыхэм яхэббжэ хъунущ «Севастополь»-м ди унэ дыкъыщызэрыщыхигъэщlар, «Форте»-р я деж дыщыlэу къызэрыттекlуар.

Абыхэм псоми щхьэусыгъуэу яlэр «дыдридзей-дыкъридзыхыу» дызэрыщытарщ. Чемпионатым и япэ къекlуэкlыгъуэм тlэу къудейщ зэкlэлъыпыту дыщытекlуар, ар егъэлеяуэ мащlэщ икlи мыхьэнэншагъэщ. Февралым, 2001 гъэм къалъхуахэщ Сындыкур, Къумыкъур, Жангуразовыр, Торосян сымэ, иджыпсту 2003 гъэм къалъхуахэр хуэмурэ командэм къыхыдошэ. Ди «Спартак-Налшыкыр» Премьер-лигэм щикlам щыгъуэ, футболым зыщезыгъэтхахэрщ мыхэр псори. Нэхъ гурыlуэгъуэ хъун щхьэкlэ жысlэнщи, ди командэр РПЛ-м щыщыджэгуам щыгъуэ, ди спорт еджапlэхэм сабийуэ къытхуашэу щытар хуэди 4 - 5-кlэ нэхъыбэщ иджыпсту нэхърэ. Абы псори къыбжеlэ.

- Футболым и пщlэр ди деж нэхъ мащlэ щыхъуауэ ара?

- Аращ. И щхьэусыгъуэри жысlэфынущ. Япэрауэ, «Спартак-Налшыкыр» етlуанэ лигэм зэрыщыджэгурщ, абы нэмыщl, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу куэдым, Нурмагомедов Хьэбибрэ Махачев Ислъамрэ щапхъэ яхуэхъуауэ, зэзауэ зыхэт спорт лlэужьыгъуэхэм зэрызратарщ. Абы и зэранкlэ футболым цlыху куэд фlэкlуэдащ, секцэм зыхезыгъатхэхэм я бжыгъэми кlэрыхуащ.

Иджырей сабийхэри дэ дэщхькъым. Ди деж къашэ цlыкlухэм тэмэму захуэгъазэркъым, топым тэмэму бгъэдыхьэфыркъым, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, махуэ псом репетиторхэм ябгъэдэсщ, уэрамым щыджэгужхэркъым, физкультурэ жыхуаlэр ящlэркъым. Адэ-анэм машинэкlэ къытхуашэ, яшэж. Махуэм къриубыдэу сыхьэтитl нэхърэ нэхъыбэрэ лъэсу къакlухьыркъым, псоми ди гуныкъуэгъуэращи, телефоным исущ мэпсэу.

- Дауэ уеплърэ, топджэгу ныбжьыщlэхэр зыфlэлlыкlын, зыщыукlытэн, уеблэмэ ахэр къезыхуэкlын, тренер нэхъыщхьэми дэlэпыкъуэгъу хуэхъун ныбжь зиlэ футболистхэр командэм зэрыхэмытым и зэран екlрэ lуэхум?

- Куэд щlауэ ар щыlэжкъым. Пажэхэр яхэтщ, ауэ гупыр зыфlэлlыкlын, зи псалъэм щlалэгъуалэр щlэдэlун нэхъыжьыфlхэр яхэткъым. Зэрысщlэжымкlэ, иужьрейуэ апхуэдэу командэм иlар Щоджэн Борисщ. Ауэ, сэ сызэреплъымкlэ, апхуэдэр ди закъуэкъым - нэгъуэщl командэхэри апхуэдэ гугъуехьхэм lуоуэ. Фщlэрэ дэрэ иджырей топджэгухэмрэ зэрызэщхьэщыкlыр? Дэ футболыр ди гъащlэм и lыхьэ нэхъыщхьэу щытащ, иджырейхэм абыкlэ я щхьэ трагъэуэу, дэзыхьэх lуэху къудейуэ аращ.

- Командэр къызэрыпщтам ухущlегъуэжыркъэ иджыпсту?

- Хьэуэ. Пэжщ, къысхуихуащ, псори хыфlэздзэу сежьэжарэт, щыжысlа дакъикъэхэр. Ауэ къызгурыlуащ: ущыукlыжын хуейр командэм и lуэхур щыфlым дежщ, атlэ ар гугъуехь щыхэтым уежьэжмэ, ар хъуркъым. Ауэ, дауэ мыхъуми, си лэжьыгъэр къэзылъытэнур клубым и унафэщlхэрщ.

Зытхыжар
ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.

Багъ Алий и дерсхэр

«Пэрытхэм я зэщlэхъееныгъэм» и Бахъсэн щlыналъэ къудамэм и жэрдэмкlэ зэзауэ зыхэт спорт лlэужьыгъуэхэмкlэ зыгъэсэныгъэ зэlуха Бахъсэн къалэм и «Платинум» фитнес-клубым щекlуэкlащ.

ЗЭЩlЭХЪЕЕНЫГЪЭМ хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш колледжым и студентхэм, къалэм дэт курыт еджапlэхэм щеджэхэм, спортым дихьэххэм яlущlащ УФ-м грэпплингымкlэ плlэнейрэ, дуней псом джиу-джитсумкlэ тlэунейрэ я чемпион, грэпплингымкlэ дунейпсо зэхьэзэхуэм щытекlуа, ММА-мкlэ АСА-мрэ АСБ-мрэ я чемпион, АСА-м и Гран-прим и финалист, спортсмен цlэрыlуэ Багъ Алий.

Хьэщlэр къызэхуэсахэм ядэгуэшащ зыхэт спортым и щэхухэмкlэ, жэрдэм зыщlахэм щхьэхуэу ядэлэжьащ, иужькlэ псоми я упщlэхэм жэуап иритыжащ.

«Сэ къызолъытэ щlэблэм нэхъыбэрэ дахуэзэн, ди щlэныгъэхэмкlэ, зэфlэкlхэмкlэ дадэгуэшэн хуейуэ», - жиlащ Багъ Алий.

Спортсмен цlэрыlуэм и гъусэу зэlущlэм хэтащ «ACA YOUNG EAGLES» лигэм и зэуакlуэ Къаскъул Аслъэн.

«Пэрытхэм я зэщlэхъееныгъэм» и Бахъсэн щlыналъэ къудамэм къыбгъэдэкlыу хьэщlэм фlыщlэ тхылъ иратащ, къытщlэхъуэ щlэблэм жыджэру зрадэлажьэм папщlэ.

Иужькlэ псоми зэгъусэу сурэт зытрагъэхащ.

ТОМЭКЪУЭ Алыдж.

ЕкIуу зыкъагъэлъагъуэ

Зи тхьэкlумэм зэхимыххэм папщlэ Урысей Федерацэм тхэквондомкlэ и чемпионат Налшык къалэм щрагъэкlуэкlащ. Абы щызэпеуащ къэралым и щlыналъэхэм я спортсмени 100-м щlигъу, щlалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту.

ЕХЪУЛlЭНЫГЪЭФlХЭР абы щызыlэрагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм. Килограмм 67-рэ зи хьэлъагъхэм я деж Жылэ Татьянэ дыщэ медаль къыщихьащ. Апхуэдэ зэфlэкl чемпионатым щиlащ Сатушы Мадини. Ар зыхэтыр килограмм 49-рэ зи хьэлъагъхэм я гупырщ.

Ещанэ увыпlэр къихьащ Къущхьэ Миланэ (кг 67-рэ).

Чемпионатым щытекlуахэм Iэмал ягъуэтащ УФ-м и командэ къыхэхам хэту етlанэгъэ екlуэкlыну дунейпсо зэхьэзэхуэхэм зыкъыщагъэлъэгъуэну.

Ди спортсменхэм зыщагъасэр Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академиерщ, зыгъасэр УФ-м щlыхь зиlэ и тренер Ахъмэт Амирщ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **ШИРДИЙ Маринэ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Жыласэ Заурбэч (*редактор нэхъыщхьэ*), Жьэкlэмыхъу Маринэ (*унафэщl-редактор*), Ширдий Маринэ (*унафэщl-редактор*), Къаншокъуэ Эллэ (*жэуап зыхь секретарь*), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ lуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; зэдэзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.489
Заказыр №2676
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаlэта lуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я lуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр lэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКlЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарь Къаншокъуэ Эллэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ (*2, 4-нэ нап.*), Щоджэн Заирэ (*1, 3-нэ нап.*).
Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым lэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl.